№2 (95) февраль 2011 с.





Ассаламу гІалайкум!

# Сугъралъ



Жамгlияб советалъул цадахъаб данделъи букlине буго 23 марталда сагlат 18.00, ул. Магомедгаджиева 94.

Унеб буго «Сугъралъ» газеталъул подписка гьаби. Гьеб гьабизе бегьула гъоркьиса рукlаралго бакlазда. Багьа 300-500 гъурущ (ресалда рекъон).


ГЪАБ НОМЕРАЛДА ЦІАЛЕ

## ПОСТУПКИ ВРЕМЕНИ НЕ ПОДВЛАСТНЫ



6-9 ГЬУРМ.

## Ракьазул суал ккола цІакъго кІвар бугеб



14-16 ГЬУРМ.

# ЖамгIияб советалда

23 февралалда букIана ЖамгIияб советалъул иргадулаб данделъи. Гьенир гьоркьор лъуна гIезегIан росдае пайдаял суалал. **ТIоцебесеб** букIана мунагьал чураяв **ГIабдулмалик** чIваялъул цIехрех гьабиялъул хIалтIи хех гьабиялъул суал. КъотIи тана киса кирего цIех-рех гьабулел органазде кагътал хъвазе ва адвокатасулгун хIалтIи гьабизе. **КIиабизе,** букIана росулъ цIияб садик базе ккеялъул суал. Гьеб суалалъе кинаб кумек гьабизе бажарулеб жамагIаталдаса абураб. Гьелъул хIакъалъулъги гIемерал пикраби загьир гьаруна гьеб иш бичIчIулел гIолохъабаца. РачIана гьадинаб пикруялде. Росдал бегавул МухIамадица районалдасан байбихьизе цIияб садик базе ккун букIин бичIчIизабиялъул хIалтIи. Жидеца акт гьабиялъул, проект бахъиялъул хIажатал бакIазде кагътал хъваялъул хIалтIаби гьарилин абуна советалъул гIахьалчагIаца. МухIамадилгун бухьен Муртил МухIамадицаги кквезе тана.

**ГIалистанил АхIмадица** борхана исана Надир-шагь щущахъ виххизавуралдаса 270 сон тIубай тIадегIанаб даражаялда гьабизе, ва гьеб тадбиралъе бетIерлъиги нилъеца, нилъер росдал жамагIаталъ гьабизе ккелин абураб суал.

ЛъикIаб хабар ккана советалда росулъ бугеб участковияб больницаялъул бетIерав тохтур **ГIисал Билалил ГIумарилгун.**

ГIумарица бицана гьабулеб бугеб хIалтIуда дандчIвалел ругел захIмалъабазул хIажатаб кумекалъул. Гьесго баян кьуна больницаялъе цIияб лицензия хIажат букIиналъулги. Бицана больница баралдаса, ай 1969 соналдаса нахъе гьениб жаниб цониги нухалъ капиталияб ремонт гьабун гьечIилан. Жакъасел тIалабазда рекъон гIодоб букIине кколила линолеум, турун ругила гордал, цо-цо рукъзабахъ мокърокь букIине бегьулеб гьечIила хъарщи. Больницаялъе лицензия щвезе ккани гьел хIалтIаби гьаричIого гIоларилан. ГIумарицаго баян кьуна гъоркьиса больницаялде 500 м манзилалда лъел трубаби хисанилан. ГьабсагIат регаразе хинаб цIорораб лъим, лъикIаб квен бугила. Амма районалдаса ремонталъе гIарацго биччалеб гьечIила. Расги гьарзаго кьолеб гьечIила кьезе кколеб бензинги цо-цо дарабигиян. Гьеб хIалтIи бичIчIулел **ХIабибов Сиражудиница** ва цоги-цогидаз абуна ГIумарие кIвараб кумек гьабилилан.

**Ахиралдаги букIана суал** доб **ГIалистанил АхIмадица** жидерго харжалдасан хобалазе хIажатаб кумекалъе босараб цIияб УАЗ машина хIалтIизабиялъул, тезе бакIалъул, жавабияв чиясул хIакъалъулъ. КъотIи ккана гьелъул жавабиявлъун гьавизе **Хача ГIумарил МухIамадхIажияв.** Машинаги тезе гьесул азбаралда. КъваригIел кканани гьеб бачизе **МухIамадхIажияс** ва **Габалов Мурадица**. ГьабсагIат машинаялъе бензин, нах **Дибиров ШапигIихъ** бугеб хобалазе хIажаталъе бакIарараб гIарцудаса кьезе. Хадуб машинаялъул кумек хIажалъарал чагIаздаса бакIаризе.

**Гьелъул букIине буго гьадинаб тартиб:**

**- Гьеб машина хIалтIизабизе цохIо хварав чиясул жаназа чуризе мажгиталде ва хабаде босиялъул къваригIелалъ. ЦIакъго чара къосараб къваригIел ккани гурони гьеб цоги къваригIелалъ хIалтIизе гьабичIого тезе.**

**- Машинаялде хIажалъи ккарал чагIаца гьаб телефоналдасан бухьен гьабизе 8928-572-06-31 Хача ГIумарил МухIамадхIажиясулгун.**

**- Машинаялъухъ гIага-шагарго багьа чIезабизе МахIачхъалаялда жанибго 500 гъ. Росулъе бачанани 2000 гъ, гъутада къваригIел кканани бухIулеб бензиналъухъ балагьун 500-1000 гъурущ.**

**- ГIарац кьезе хобалазда араб ганчIихъ ва гIанжлиби (къанабазухъ) унеб гIарцуда цадахъ гьеб бакIарулев чиясухъе. МахIачхъалаялда Дибиров ШапигIихъе (тел. 8928-584-43-54)**

**Гьал къоязда тIатIала ккарал хвелазул къваригIелалъе кIудияб кумек ккана гьеб бокьараб гIазулъеги, хIатIулъеги бахъулеб машина букIиналъул. Хасго гьединал къоязда цо къваригIел тIубазе гIага-шагарго 20 л бензиналъул бухIизехъин буго.**

**Суалал ругел чагIаца бухьен гьабе тIадехун рехсарал гьалмагъзабазулгун.**

*ГIумар МАХIАДОВ*



**Хобалазул ишал тIуразе босараб УАЗ машина**

# Камуна цойги гьудул

ГІисаев (ГІумадибирсо) ГІиса вукІана дидаса дагьав кІудияв, абизе бегьула гІезегІан кІудияв. Амма гьоркьоблъи-бухьен, хасго ахирисеб чанго соналда, букІана цІакъго лъикІаб, ракІ рагьараб, гьудул-гьалмагълъиялъул. Мун вукІана росуги бокьулев, росуцоялги рокьулев, гІадатияв инсан.

ХІажат ккани ватулев. Къварилъи кканиги, рохел тІаде бачІаниги дие ватана. Дица дуе гьабураб, гьабун бажарараб рехсезе гІураб ккечІо, дуца кидаго гьабуна. Къасиги-къадги телефоналъ ахІизеги мун цеве кколаан, дун дагьав халатккун гІенеккун хутІани ракІалде щвезабизеги дуда кІочон толароан. ХутІана кІиясго цадахъ гьаризе ракІалда рукІарал нилъер цо-цо ишалги – цойги нухалъ Гъазанушире щвезе, цІияб нухдасан росулъе сапар бухьизе, Будал АхІмадил рукъалъухъе рахъизе ва гь.ц. Нилъ руго анищазда, гІумру буго унеб. Нилъеда гьикъун хехлъулеб яги нилъее бокьун лъалхулеб жоги гьеб гурелъул. Кьейги дур гІагарлъиялъе, хъизаналъе сабур. Кьейги, хІаталдаса ун дуе хирияй дур ясалъе, талихІаб гІумру.

Киналго ина, мун ана.

Аллагьас мунагьал чураги дур.

*ГІабаш*



## ПОЗДРАВЛЕНИЯ

### Президент Республики Дагестан наградил Гамзатова Г.М. орденом «За заслуги перед республикой»



Президент Республики Дагестан Магомедсалам Магомедов своим Указом от наградил генерального директора открытого акционерного общества «Межрегиональная энергетическая компания» Гамзата Магомедовича Гамзатова орденом **«За заслуги перед Республикой Дагестан».**

Награждение крупного хозяйственного руководителя, видного общественного деятеля Дагестана высшей наградой республики - свидетельство признания его больших заслуг и многолетней плодотворной работы на благо Дагестана и его народов. Г.М. Гамзатов многие годы возглавлял энергетическую отрасль Дагестана. Ныне так же успешно руководит «Межрегиональной энергетической компанией». При нем в Дагестане построены крупные гидроэлектростанции, другие энергетические объекты. И высокая награда Президента - заслуженное признание его вклада в развитие энергетической отрасли республики.

Желаем ему крепкого здоровья, радости в жизни, благополучия в семье, достижения намеченных целей.

*Односельчане*

**Уважаемые односельчане, в ближайшем будущем будет функционировать официальный сайт Согратля и вы, участники группы, в случае заинтересованности можете принять непосредственное участие и поддержать наш труд в интересах всего Согратлинского джамаата. Став автором тех или иных материалов, проблемных статей, вы окажете важную поддержку как нам, так и читателям. Вообще, если говорить о сайте, то беремся мы за него с большими амбициями, собираем коллектив, круг людей, которые должны помочь сделать его интересным и познавательным.**

**Стоит сказать, что инициатива и работа над сайтом лежит исключительно на ребятах из Комитета Молодежи. Вы можете помочь нашей группе единомышленников своим креативом и аналитическим мышлением, просим вас не оставаться на стороне и принять участие в столь значимом деле, как создание нового информационного поля в кругах Согратлинцев и не только. Если вам есть что сказать и чем поделиться, будь то материал, либо точка зрения на проблемы, то мы всем рады. Пишите и скидывайте информацию по почте:**

*sogratl-sait@mail.ru*

27 марта, в зале ресторана «Золотой орел» (2-й этаж) состоится 2-й открытый чемпионат Согратля по чаепитию памяти сестер Рукият Мусаевой (ГІашумусал) и Патимат Гамзатовой (ХІамзатхІисо НурмахІандил). В программе чемпионата, помимо чаепития, беседы, бойки, рассказы о чае и вокруг чая. Конкурс на самый интересный и оригинальный случай, связанный с чаем. Игра в шахматы, карты, нарды. Мероприятие украсят и разнообразят выступления исполнителей на национальных инструментах. Принимать участие и соучастие в чемпионате могут все любители и ценители чая, вне зависимости от возраста, пола, национальности, вероисповедания, места жительства, служебного и материального положения. Победители во всех номинациях будут награждены призами и памятными грамотами.

Начало чемпионата в 11.00.

Регистрация участников в 10.00.

Все подробности и уточнения по тел:

**8.928-251-23-05 Абаш.**

# «Дагъистаналда ЕГЭ лъугьун буго учителасул лъай борцунеб экзаменлъун»



МухIамадсултан Вицов цIалдохъабигун

**Дагьал церегIан къояз дун щвана Гъуниб районалъул «Сугъралъ» агрофирмаялъул микьабилеб гъутаналде. Гьенив дандчIвана гъутаналда бугеб гьоркьохъеб школалда гIемерал соназ гIурусгун авар адабияталъул дарсал кьолев Вицов МухIамадсултан. ЦIалдохъабазе тарбия-лъай кьеялъул рахъалъ гьесулгун гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**- МухIамадсултан, дуца киб лъугIараб гьоркьохъеб школа?**

- 1964 соналда дун цIализе лъугьана Сугъралъ росдал школалде. Доб советияб заманаялъ букIана хIадурлъиялъул класс, гьеб букIана Дагъистаналда анлъго сон барал лъималги рачун гьабулеб хIалбихьи. Гьеб соналъ школалде рачана анлъго, анкьго, микьго сонал рарал лъимал. Цо класс гьабуна анлъго сон баразул, цо анкьго, цойги микьго сон баразул. Жибжиб классалда вукIана цIалулев 27-28 цIалдохъан. Гьеб заманалда Сугъралъ школалда цIалулев вукIана анкьнусиялда ункъоялда щуго цIалдохъан. ТIоцеесей дир учитель йикIана ПатагIалиева ГIашат. Гьей унго-унгояй учителалъ мугIалимлъи гуребги, дие эбеллъиги гьабуна. Гьелъие дун налъулавлъун вуго хвезегIан.

Дун цIалулеб мехалъ школалъул директорзаби рукIана: МахIатIилов МухIамад, ГъазилгIалиев МухIамад, БагIачев ГIабдулагь, Закарялова Багъдада. Гьел киналго рукIана ккараб бакIалда цIалдохъабаздагун гьезул умумузда бадибе рагIиги абулел, тIадегIанаб лъаялъул унго-унгоял махщалилал. Гьанир рехсезе бокьун буго дие тарбия-лъай кьурал учительзабазул цIарал. Гьел мустахIикъал руго жив-живасул хIакъалъулъ цо-цо кIудияб тIехь хъвазе. Гьел ккола, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи: ХIажиев МухIамад, Хазамов ГIумар, СагIидов ГIабдулагь, ГъазилгIалиев МухIамад, Мусаев ГIабдулагь. Гьединго дие дарсал кьолел рукIана учительзаби: Амиров АхIмадица, Мелесов СагIитица, Якъубов ГIузайрица, Якъубов Абубакарица, Хосроева Еленаца. ЗахIматалъул дарсал кьолел рукIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Хуршилов МухIамадица, гьес малъулаан цIулал хIалтIи. КIичев АхIмадибирица малъулаан маххул хIалтIи, трактор малъулаан Улаев ГIумарица.

1980 соналда Дагъистаналъул педагогикияб институталъул филологияб факультетги лъугIизабун дун хIалтIизе вачIана гъутаналда бугеб школалде. Доб советияб заманалъ рес букIана диего бокьараб бакI тIаса бищизе. Дица тIаса бищана Сугъралъ колхозалъул гъутаналда бугеб школа. Гьенив директорлъун вукIана гIемерал соназ батIи-батIиял росабалъ школазул директорлъун хIалтIарав, тIадегIанаб лъаялъул мугIалим ХIабибов ХIажи, учительзабазул букIана лъикIаб коллектив, школалда букIана лъикIаб гIадлунизам. Гьалеха учительлъун хIалтIулелдаса буго 30 сон.

**- Кинал классазе дуца дарсал кьолел?**

- Дица дарсал кьола 5-11 классазе. Исана нухмалъи гьабулеб буго анцIабилеб классалъеги.

**- ЦIалул кинал хIасилал ругел цIалдохъабазул?**

- ХIасилал лъикIал рукIиналъе

хlаракат бахъула, гlахьаллъи гьабула олимпиададабазда, ахирал соназда авар адабияталъул хlасилал квешал ккечlо. 7-8, 11 классазул цlалдохъабаз ккуна ТУОялда тlоцересел бакlал, 9 классалъ - кlиабилеб бакl.

**- Лъималазул гlадлу кинаб бугеб?**

- Лъималазул гlадлу-низамги, цlалиги цохlо учительзабазда ва тарбиячагlазда бараб букlунаро. Гьеб бараб буго гьезул эбел-инсудаги, росдал жамагlаталдаги. Гьез цадахъ рекъон хlалтlи гьабулеб бугони, лъикlал хlасилалги рукlуна. Нижер школалъул лъимал гlадлуялъул ва цlалул рахъалъ квешал гьечlо. Киданиги гьезул эбел-эмен жидерго лъимал цlунун гlарзалъ школалдеги рачlинчlо.

**- Мухlамадсултан, гьелгощинал соназ хlалтlарав мун шапакъатазениги мустахlикълъичlищ?**

- Гьелеха гьудул, дие бокьулареб суал. Дицаго дунго веццизе тlамулев вугоха дуца дун... Гьел шапакъатазул цонигияб гьечlо дие ахираталда кумек гьабулеб, яги сиратl – мизам бигьа гьабулеб.

**- Харж кигlан щолеб?**

- Гьеб суалалъе жаваб кьезе бегьула. Дие моцlрое щола 9643 гъурущ ва «за выслугу лет» - 6952 гъурущ.

**- Мун рази вугищ гьал школазда гьарурал хиса-басияздаса, масала, ЕГЭялдаса?**

- Хlукуматалъ гьарулел хlукмаби квешал рукlинароан, халкъалъ хвезарулел гьечlелани. Масала, ЕГЭ лъималазул унго-унгояб лъай борцунеб лъикlаб къагlида буго. Нилъер гьаниб гьеб ккун буго учителасул лъай борцунеб экзаменлъун. Лъималазул бакlалда экзаменал кьезе унел руго учительзаби, мадугьалзаби, студентал. Киналго жаниреги лъугьунел руго. Вузалги лъугlулел руго эбел-инсул чунтбузул кумекалдалъун. Дипломалги щолел руго, амма хlалтlизе бакl щолеб гьечlо. Щваниги хlалтlун бажарулебги гьечlо.

**- Мухlамадсултан, дуе щиб гьаризе бокьилеб дагъистаниязе?**

- Нилъеца бищунго хирияб жолъун рикlкlунаха гlадамасул гlумруялъулъ чорхое сахлъи. Нилъер хlукуматго унтун буго. Сахлъуялареб унтиги бахун буго. Дицаги, Ибрагьим, дуеги, диеги, Дагъистаналъул халкъалъеги сахлъи гьарила.

*Ибрагьим КIИЧЕВ*

НА ДОСУГЕ

# Задачи на логику

**1** Первую половину пути автомобиль проехал со скоростью 40 км/ч, потом 1 час простоял неподвижно, затем двигался со скоростью 60 км/ч. Средняя скорость движения за все время пути оказалась равна 40 км/ч. Найти время путешествия.

**2** Первую треть пути черепаха проползла равномерно за 1 час, вторую треть — тоже равномерно, но за 2 часа, третью — так же, за три часа. Во сколько раз средняя скорость на первой половине пути больше, чем на второй?

**3** На крыше сидит наблюдатель, рядом с ним слушатель. Вдали от них дятел ритмично долбит клювом неподвижное дерево. Наблюдатель видит в бинокль, что дятел совершает ровно 60 ударов в минуту, а слушатель слышит точно 59 ударов в минуту, оба хорошо знают свое дело. С какой скоростью и куда едет крыша? Скорость звука в воздухе 330 м/с.

**4** Между городами А и Б по прямой дороге идут навстречу друг другу два пешехода. Первая встреча между ними произошла точно посредине дороги, сразу после встречи они с теми же скоростями пошли обратно, а дойдя до концов дороги снова повернули обратно — до следующей встречи, и так далее. Вторая встреча произошла через 1 час после первой, на расстоянии 0,5 км от середины дороги. Через какое время после этого и где именно произойдет встреча номер 7? А встреча номер 8? Считайте, что пешеходы неутомимы и могут ходить непрерывно хоть целые сутки. Скорость каждого из пешеходов меняется только по направлению, но не по величине.

**5** По прямой дороге, ведущей через поле, медленно едет автобус — его скорость 5 м/с. Вы можете двигаться по полю со скоростью 3 м/с, расстояние от Вас до дороги в данный момент составляет 30 метров, до автобуса — 50 метров. Сможете ли Вы добежать до какой-нибудь точки дороги раньше, чем в ней окажется автобус?

**6** В компьютерной модели рассматривают движение точки внутри квадрата со стороной *l*/. Скорость точки составляет по величине V, после столкновения с одной из сторон направление движения точки меняется- она отскакивает под некоторым случайным углом (равновероятно в пределах ±90˚ к нормали), величина скорости не меняется. Оценить число столкновений с одной из сторон квадрата за большой интервал времени.

**7** На тонкий прямой стержень длины 1/ = 10 м насажены N=20 одинаковых маленьких бусинок, которые могут скользить по нему без трения. Скорости бусинок одинаковы и составляют *У=2* м/с, при столкновениях друг с другом и с концами стержня скорости бусинок меняют направление, оставаясь прежними по величине. В начальный момент половина бусинок едет вправо, половина — влево. Сколько ударов бусинок о концы стержня произойдет за время *T=1* час? А сколько всего ударов произойдет за это время между бусинками?

**8** Скорость воды в реке 2 м/с, ширина реки 30 м. Спортсмен должен переплыть реку за 40 секунд, его скорость относительно воды все время постоянна и составляет 1 м/с. На сколько метров его «снесет» вдоль по течению? Считать движение прямолинейным.

**9** В условии предыдущей задачи уберем требование про 40 секунд, зато потребуем, чтобы «снос» оказался минимально возможным. Найти время путешествия.

**Со дня написания и опубликования предлагаемого вниманию читателей очерка прошло более 20 лет, а за это время выросло новое поколение молодых людей. Надеемся, что им будет интересно знать о своем замечательном земляке Магомеде Абдулмеджидовиче Меджидове.**

*Редакция газеты.*

# ПОСТУПКИ ВРЕМЕНИ НЕ ПОДВЛАСТНЫ

***Предисловие.***

Сейчас в условиях демократических свобод и всеобщей гласности и открытости наша история пересматривается, меняются критерии оценки ценностей многих явлений, событий и фактов, связанных не только с революцией, гражданской войной, коллективизацией и индустриализацией страны, но и с Великой Отечественной войной.

В условиях плюрализма мнений находятся даже политиканы, кощунственно утверждающие , что победа Советского народа над фашистской Германией явилась для нас не великим благом, а громадным бедствием… .

Все движется, все меняется – таковы вечные законы существования и развития природных и общественно-политических, а также социально-экономических явлений. И как следствие этого меняются общественно-политические и социально-экономические мировоззрения людей, а вслед за этим классовые предпочтения, приоритеты партий и институтов власти и. т. д. Но наряду с этими всеобщими закономерностями природы и общества, которые находятся в постоянном движении и развитии, в природе существует феномен - это постоянство нравственно-этических, психо-физических и волевых качеств отдельных индивидиумов – сильных личностей.

Мне повезло в жизни, и я благодарен судьбе, которая дала мне возможность близко знать и часто общаться с одним из таких личностей. Это наш земляк Меджидов Магомед Абдулмеджидович.

При оценке любого человека для меня главным критерием является не количество орденов и медалей, полученные им по заслугам, не те высокие посты и должности, котрые он занимал в течение своей трудовой или ратной жизни, не степень его образованности. Хотя все, что я перечислил здесь, Магомед Абдулмеджидович заслужил и получил сполна, и каждая его награда заслуживает, чтобы ей посвятили отдельный рассказ или очерк, мой особый интерес вызывал всегда его характер, особенно такие черты, как:

- крисстальная честность во всех делах, поступках, предпринимаемых решениях и действиях;
- безупречная справедливость и ровное, уважительное отношение ко всем людям вне зависимости от званий, должностей, национальности, землячества или степени родства и т.д. Магомед Абдулмеджидович обладал обаятельно-покупающей скромностью во всех поступках, делах и речах.



Автор И.М. Гуков

Предлагаемый опубликованию редакции очерк мною был написан и опубликован в сокращенном варианте в «Дагестанской правде» в 1989 году. Многие термины, понятия и их толкования к настоящему времени потерпели существенные изменения. Но я счел целесообразным сохранить текст очерка без внесения изменений и коррективов по той простой причине, что это было бы украшательством и лакировкой. Такое украшательство или лакировка, вернее сказать, приспособленчество было бы для Магомеда Абдулмеджидовича самым презренным делом.

Честь, совесть, справедливость, скромность – эти вечные и неподвергаемые коньюктурным изменениям черты характера составляли фундамент жизненной позиции Магомеда Абдулмеджидовича.

## I.В ТРЕВОЖНОЕ ВРЕМЯ, КОНЕЦ ТРИДЦАТЫХ

В 1936 году Меджидова Магомеда направляют на учебу в Москву в Высшую школу НКВД. В течение 1936-1938 годов находился там до окончания учебы.

Возможно, именно это обстоятельство и спасло Магомеда от жерновов машины репрессий Ежова, ибо в Дагестане в это время особенно сильно свирепствовала эпидемия борьбы с так называемыми «буржуазными националистами», и все лучшие и преданные делу партийно-советские кадры испытанных революционеров истреблялись под этим предлогом. Истреблялся цвет национальных кадров, и лучшие сыны Дагестана попадались под репрессии.

Под репрессии попали предшественники Магомеда по работе начальника РОВД Курахского района Алиев Бейбулла и Алиев Мамах, был арестован также Османов Сунгур, который несколько раньше Магомеда окончил ВШ НКВД. По-видимому, эта же участь ожидала и Меджидова, если бы он находился в Дагестане и если бы он будучи командированным в Дагестан из ВШ НКВД не сумел проявить лучшие свои качества, как человек, коммунист и как чекист – исключительное самообладание, непоколебимость и бесстрашие, вера в человеческую порядочность своих товарищей и сослуживцев, а также вера в торжество справедливости, в конечном счете.

В Москве была тоже очень нервозная и тревожная обстановка. Там так же беспощадно истреблялись лучшие сыны Родины - испытанные кадры большевиков.

Разгул Ежовщины был в разгаре. Просто не верилось обилию врагов, измене и коварству многих и многих выдающихся партийных и советских деятелей. Но делать что-либо было бессмысленно и бесперспективно.

Большинство из честных и добропорядочных слушателей Высшей школы НКВД, делали попытки получить направление на Испанский фронт. Но, как правило, эти попытки, не увенчались успехом.

Дважды обращался с такими Заявлениями в НКВД и Магомед, и дважды получает отказ.

Слушатели Высшей школы Ираклий Небладзе и Магомед Меджидов обжаловали решение НКВД в Политбюро ВКП(б) на имя т. Сталина.

Но результат был такой же, отрицательный..

На бланк ВКП (б) получают они ответ:

«Поскольку вы учитесь и готовитесь стать профессиональными чекистами, считаем, что Вы здесь больше будете приносить пользу Родине. ВКП(б) благодарит Вас за ваши патриотические и интернациональные чувства».

Шла осень 1937 года. Обстановка была смутная и тревожная. Учеба в Высшей Школе приближалась уже к концу.

Однажды, слушателей Меджидова и Дзитиева приглашают в отдел кадров НКВД и им предлагают поехать в командировку на помощь местным товарищам в Дагестан и Северную Осетию соответственно.

Итак, в это сложное и трудное время Магомед приехал в командировку в родной Дагестан.

Очень скоро радости встреч с боевыми товарищами, друзьями и бывшими сослуживцами сменилось чувством настороженности, неясности и в определенной степени чувством сомнений в справедливости всего происходящего в Дагестане.

Бывшие сослуживцы и друзья Магомеда: Маслов Иван, ранее работавший уполномоченным ГПУ, Глинянов Николай, который ранее работал в Ботлихе и Хунзахе. Кстати, он был и женат на аварке из Хунзаха, Магомаев Гитинмагомед, бывший начальник РОВД Казбековского района и другие товарищи подробно знакомили Магомеда с обстановкой в республике, предупреждали и оберегали Магомеда, зная его нетерпимость ко всякой фальши и несправедливости и упорство в выявлении истины и в защите справедливости. Они просили Магомеда, чтобы он сдерживал себя и оглядывался по сторонам, чтобы самому не нарваться на неприятности.

Уже после прибытия Магомеда в Махачкалу, были арестованы и находились под следствием: Секретарь Дагестанского обкома ВКП(б) Нажмутдин Самурский. А он находился еще с времен гражданской войны в дружеских отношениях с Абдулмеджидом (Бакинским Меджидом) отцом Магомеда.

Был так же арестован Гамид Далгат.

## II. ПОСЛЕДНЯЯ ВСТРЕЧА С ГАМИДОМ ДАЛГАТ

Гамида Далгата, Магомед знал хорошо. И даже будучи в те же годы в Москве на ответственном посту Заместителя начальника Высшей школы Красной Армии, Гамид Далгат находил время для встречи с земляками, следил за их успехами и заботился о них.

Магомед не смог подавить в себе желание встретиться и поговорить с Гамидом Далгат. Никак у него не связывались образ врага народа с образом Гамида Далгат.

И вот Магомед просит Абдурахманова Мухтара, хотя прекрасно представлял, чем это может кончиться для Мухтара и для себя, чтобы Мухтар устроил Магомеду несанкционированную встречу с Гамидом Далгат.

Абдурахманова Мухтара Магомед знал очень хорошо. В бытность Меджидова в 1934-1935 годах Начальником РОВД Хунзахского района, Абдурахманов работал его заместителем. Хотя Мухтар в принципе сразу же без колебаний дал согласие на организацию этой встречи, но сама встреча для Магомеда произошла довольно неожиданно.

Однажды, когда Магомед совершенно не ожидал этого, звонит ему Маслов Иван и просит Магомеда подняться наверх в 32-й кабинет. Когда Магомед вошел в названный кабинет, то он увидел Абдурахманова и сидящего перед ним в полуоборот к Магомеду человека с бритой головой. На голове отчетливо виднелся темный кровянистый и набухший след.

Как только вошел Магомед, Абдурахманов встал из-за стола и сделал вид, что ему не терпится в туалет, и попросил Магомеда остаться с арестованным в кабинете несколько минут.

**Продолжение на 8-9 стр.**

ЗНАМЕНИТЫЕ ПРЕДКИ

# ПОСТУПКИ ВРЕМЕНИ НЕ

**Продолжение.
Начало на 6-7 стр.**

Тут Магомед кивком головы и жестами рук спрашивает у Абдурахманова; кто у него сидит? В ответ Абдурахманов молча продвигает к Магомеду на край стола книгу Алибека Тахо-Годи «Революция и контрреволюция в Дагестане», раскрытую на той странице, где шло повествование о Гамиде Далгат, и там же был групповой снимок Гамида Далгат со своими партизанами в годы Гражданской войны. Как только Абдурахманов вышел из кабинета, Магомед поздоровался с Далгат и начал его расспрашивать: Как это все могло случиться, и что все происходящее означает?

Магомед не удержался и даже потрогал черную ссадину на голове Гамида Далгат и поинтересовался, как она появилась?

Этот мужественный, умный и сильный человек и даже в эти тяжелые и роковые минуты своей жизни думал не о собственной жизни, а о тех, кто еще оставался на воле и имеет реальные шансы остаться не раздавленным этой страшной машиной репрессий.

«Магомед, - сказал он строго, - для вашей же пользы считайте, что я тебя, и ты меня не знаем друг друга». Сделал паузу, внимательно и еле заметной грустинкой в глазах еще раз взглянул на Магомеда и добавил: «Береги себя, Магомед».

Магомед со своим импульсивным характером, обозвал тех, которые творят такие беззакония и издевательства над людьми, фашистами и заверял Далгата, что не все здесь фашисты, что найдутся люди, которые смогут поставить все по своим местам и т.д.

Тут Гамид Далгат не выдержал, лицо его сделалось мягким и добрым, и он рассказал Магомеду, какие издевательства и оскорбления пришлось испытать ему, как только он снял красноармейскую шинель. Вернулся Абдурахманов, но ни Магомед, ни Гамид Далгат не сделали попытки закруглять разговор. Дальше уже беседовали втроем. Абдурахманов намекнул Магомеду о том, что Гамид Далгат вынашивает мысль покончить жизнь самоубийством. Магомед жестом руки и кивком головы без слов спрашивает у Абдурахманова, указывая на ссадины на голове Гамида Далгат, «Что это?» Абдурахманов так же жестами показывает Магомеду, что ссадины на голове, - это следы одной из неудавшихся попыток суицида Гамида Далгат.

Магомед и Абдурахманов уже без жестов и кивков, по очереди, перебивая друг друга, начали убеждать Гамида Далгата отказаться от ужасных мыслей суицида.

Вдруг, неожиданно открылась дверь, без стука стремительно, чуть ли не бегом вошел старший оперуполномоченный аппарата НКВД Страхов – следователь Далгата. [Страхов – это особо доверенное лицо, преданный человек заместителя наркома НКВД Дагестана Савина, а последний был рьяным исполнителем воли и замыслов наркома ВД Ломоносова]. Страхов сделал замечание Абдурахманову, как дежурному за то, что тот устроил «годекан для врагов народа и им сочувствующим».

И далее, глядя на Магомеда, спросил: «Почему с этим врагом народа якшаются всякие? Затем начал оскорблять и обзывать самыми последними выражениями и Далгата и Магомеда.

Тут Магомед вскочил и тоже начал оскорблениями отвечать на оскорбления, обозвал Страхова «троцкистом» и пригрозил ему выкинуть его в окно.

Со Страховым у Магомеда издавна были натянутые отношения. Причиной тому было то обстоятельство, что, будучи еще начальником РОВД Хунзахского района, Магомед не стал выполнять указания Страхова о возбуждении и раздувании уголовного дела против двух приезжих русских учителей.

Страхов хотел бы раздувать дело так, как будто эти двое являются политическими преступниками или врагами народа. А все дело заключалось в том, что учителя баловались с заряженным пистолетом в руках и случайным выстрелом, именно случайным выстрелом, нечаянно попали в портрет Ленина. Несчастные были так перепуганы случившимся и без угроз Страхова. А Магомед не смог идти против совести и правды и дал делу такой ход, который оно заслуживало. И теперь Страхов решил отыграться на Магомеде, начал его попекать за «панибратские отношения» с врагами народа, а Магомед его самого обозвал «троцкистом» и угрожал выкинуть в окно. Назревался в лучшем случае большой скандал. И кто еще знает, чем все это обернется для Магомеда, да и Абдурахманову может попасть крепко.

Друзья Магомеда Маслов Иван и Магомаев Гитинмагомед волновались за судьбу своего друга больше всех и даже больше самого Магомеда.

«Вот натворил, вот натворил дела, что же теперь будет? – вопрошал про себя Иван. Все сослуживцы и друзья ждали, вот-вот посадят Меджидова. Гитинмагомед и Иван даже советовали Магомеду перервать под любым надуманным предлогом командировку и уехать из Дагестана.

В своей докладной записке на имя наркома ВД Дагестана Страхов очень подробно и в своем видении сообщал о грубейшем нарушении Абдурахмановым существующих правил и инструкций обращения с подследственными, о панибратском и сочувственном отношении Меджидова и Абдурахманова к врагам народа.

По этому поводу был издан специальный приказ, где работникам НКВД строжайше запрещалось ходить в кабинеты друг к другу. За допущенные нарушения Абдурахманову Мухтару был объявлен строгий выговор, а тов. Меджидову было указано на его панибратские отношения с врагами народа. Приказ был подписан Савиным-заместителем Ломоносова.

Здесь я описал только один из случаев, который имел место из-за обостренного интереса и неуемного характера Магомеда, самому разобраться, вникнуть до конца во все дела, касающиеся

# ПОДВЛАСТНЫ







М. МЕДЖИДОВ

чести и достоинства знакомых и незнакомых людей, в чью честность и преданность делу советской власти он не сомневался.

Магомед всегда в таких случаях шел на пролом, при этом нередко приходилось идти даже на некоторые нарушения установленных порядков и инструкций, порой рискуя навлечь на себя крупные неприятности.

**III. ДЕЛО ВРАЧА КАЛИЧИЦА**

Но вспомним, что Магомед был направлен в Дагестан на служебную командировку. Ему же было официально поручено серьезное уголовное дело на расследование.

Теперь мой рассказ об этом деле:

Магомеду было поручено вести следствие по делу Каличица из г. Дербента, поляка по национальности. Уголовное дело против врача Каличица было возбуждено оперуполномоченным РО НКВД г. Дербента следователем Летовым. О Летове в то время говорили, что он якобы женат на родственнице Мамедбекова.

Врачу Каличица инкриминировали шпионаж в пользу Панской Польши и вредительство в здравоохранении. Суть первого из обвинений заключалась в том, что мать Каличица, полячка по национальности жила в свое время не то в Харькове, не то в Киеве и то ли 1923, то ли 1924 году получила наследство из Польши. Притом она получила наследство официально через инюрколлегию НКИД.

В описываемый нами период она уже не была в живых.

Но кому-то, по-видимому, очень и очень захотелось отличиться, начав громкое дело с разоблачением агента иностранного государства и вредителя. И поэтому следователь Летов упорно добивался от врача Каличица ответа, за какие его услуги Панской Польше он получил оттуда крупные денежные вознаграждения.

Суть второго пункта обвинения сегодня многим покажется просто смешным или надуманным нарочно. Но тогда в 1937 и 1938 годах не до смеха было и не только одному обвиняемому.

Дело было в следующем: Врач Каличица сделал операцию на половых органах подростку – гермафродиту.

Кажется, этот подросток был из селения Падар. Операция прошла удачно, но в складывающейся фигуре подростка сохранялись еще явные признаки и женского телосложения. И врач, чтобы интенсивно избавить тело подростка от признаков двуполости, предписал подростку при выписке из стационара интенсивный физический труд. Именно в этом предписании врача, ретивый следователь усмотрел вредительство врача, предписавшего подростку тяжелый физический труд, специально с целью подрыва его здоровья.

При этом обвинения строились лишь на основании показаний рядовой медсестры. Забегая вперед, скажу, в последствии выяснилось и то, что давать такие показания медсестру вынудили.

Магомед, досконально изучил дело на врача Калигица. После очного знакомства с врачом и в ходе следствия Магомед все больше и больше убеждался в надуманности и беспочвенности предъявленных врачу обвинений.

С первого же знакомства Магомед проникся искренним сочувствием и уважением к этому мужественному и волевому человеку, убежденному интернационалисту, не теряющему веру в торжество справедливости даже в самые критические минуты жизни.

В результате длительных конвеерных допросов стоя, проведенных до передачи дела Меджидову Магомеду, у врача сильно опухли ноги т.е. наступила так называемая «слоновость ног». Ему, как врачу, ничего не стоило бы вызвать у себя гангрену и таким путем избавиться  и от невыносимых издевательств и от необходимости отвечать на абсурдные вопросы и обвинения. Но он твердо верил, верил вопреки всему происходящему вокруг, что справедливость должна восторжествовать.

*И.М. ГУКОВ*

**Продолжение следует**

# Багьана – росулъ хIамул тIагIин бугодай?

Нилъ кидаго гуро гьаб дунялалда рукIинел. Къадар гIадамасе щола батIа-батIаго. Амма гIайиб гьечIого чи чIвай рикIкIунаан къабихIаб ва къадараб ишлъун. Гьединан къадар щваразул цоявлъун ккола **ГIабдулмалик АхIмадиловги.** Гьединасе къадиясул хIукмуги букIана гьадинаб. Чи чIван гIайиб ккарасул гьурмазда бахунаан лахI. Цинги гьев вахинавулаан хIамиде нахъехунги сверун ва вухьулаан кьолода. Гьеб къагIидаялъ гьев чIвадарухъанасда тиризабулаан кинабго росдал авал. ГIисинлъималацайин абуни гьесда речIчIулаан хIамил кIучIал. Гьебгощинаб росуги тирун ва жиндирго хIамабагьадурлъиги къватIибе чIвазабун гьесда тезабулаан росу. ГIемерисеб нухалъ кколаан гьев росулъа къватIиве ингун чIварасул гIагарлъиялъ нухдагоцин гьев чIвараб лъугьа-бахьинги. Росу тун къватIиве витIиялъе гIиллаги букIун буго, гьеб иш тIаса лъугьун танани чIвадарухъанасда нахъеги ракIалде ккезе бегьулеблъи гьелдасаги квешаб гьабизе.

Нилъ руссине ккезе рес буго нилъерго умумузул гIадаталде. ТакъсирчагIиги хIамузде рахинарулеб. Гьезул гьурмада бахине лахI камиларо жив-живасул рокъоб, амма росулъ хIамул дагьлъулел ругин абураб пикруялъ тIамулев вуго гьел лъугIилелде рагьилародаян нилъер гIолохъабазда хасго **ГIабдулмаликида** аскIоб гьабураб такъсиран ургъизе. Нагагь росулъ хIамул лъугIанани, доб МохIобе бичун букIараб ХIажимухIамадил хIамил тайпаялъул хIамулниги гьеб ишалъе росисе ракIбацIцIадал росуцояздаги кIвезе ккела.

*Дунги росуцояв МухIамад*

# Цо-цо бехьараз биццараб

Гана, вас, цо гьаттинаб жо, гана, гараб жо гомбукIлаха, дуда лъадалха дун гечIаб жо гана амо бицдалазул гуреблъиги, э. ВукIана кIиабизул куйдуза. Рихада вукIана дунго жалав, маардаха, ле, БежтIа уттух. Риидал мех. Рехен букIана кIудаб, букIумбалъа 400-500 гIадаб куйдул жо.

Гъуба ахакь, нилъер мугIрул роцуда, ценгирил, букIана бежтIадерилъа гIачи тодалаб, кIиго чIужуадам – цен цояй, цен цояй эл речIчIде регьдалаб, эз хIан букъдалаб бакI. Лъубагь ад букIана дир чатма, цIараки. Дал куйдул, цал бурухь бамо, цал рикъумо чIчIомо, цал дура-анир кьерумо чIчIомо цIакъ квешал жал ру дал куйдул, гьечIугоги гIунарал хьихьдеги захIматал. Ма гьинже дащубуна, даб сордоялъ банна цIа—д, бана цIад. Гъал руччабаз регьарал хIангина ханкIалги комо вукIана чатмида жунув, цIаракух, лъикIаб, кIудаб цIараки букIана дир. Дува кунадеги кунамо, щубдай-киндай амо валълъана, вахана обход гьабуде. КанцIиги гьечIо чIирниги, тIири. Даб гIудрада наха, ал гIухьбиз абдалаха гIудралямо гIи дередалаб, бечIчIдалаб гураналъа, дуба наха букIана лабалаб бакI, аб гIудрада жунуб гъвес-базар буго амогина дура томо рукIана дилъа ал. Иза уттух вегана дунги. Цомелъ жалго гъумо, гъумо, гъумо ана ал гъури гIудралъа жунуре. ВахI, аз будалаб щуби? Гьинже, чIа мун. ТуманкI букIана дилъ гьаб жо, «белка», цо хIура охотник бугаб цояб мелкашка, щибго багьана гьечIо туманкI букIана лъикIаб. Маарда туманкI гьечIого гIунаро, на всякий случай лямоги букIде гилялаха цо жо кодоб – бацIги букIдала лъуба, циги каманаро. Ценги, жобумо. Баллабго, баллаб бу цIад, тIудалаб бехьухе, э—, гьа. Дих букIана цо лъикIаб китайский панарги, халаб жо, гIемержо батареялги лъудалаб. Гъура жунур, цо заманалъ урана дал куйдул. КIасумо букIумо бу гъуби ци, дидаги бехьчIуго, дидаги дудаги бехьумоги инароха ци куй хабахде, эни? Иняро. ГIудрадул ракьанда мугъ бакьаса гьод тIум батана алъ куйдул – гьадал хвана дилъа даб, къасаго киниха хвелаб тIудалаб жо бехьухе баллаб цIадги бугуни, гъонсол цIураб авалги бугуни. Щуби аб аниб гараб жо амо кIасана дун гъуви жунуве, дида ад бу буртина, бу палащ. Баллаб цIадги бугуни, кьогIочIогоги букIде даб туманкI томо букIана чатмаялъа жунубго, хьаббала бакI бугелъе, нагагь къурагIини векерумо омо босламо амо. Ханжар букIана ад бамо. Балагьана, дуба ракьанда бехьана цо лахIчIегIераб жо, уттух бу хахIаб жоги, вахI, жеги щубиха дида лъалаб даб цини щубни. БитIумо даб цида зеве гову дун, ахIи-хIуралъа дун кIасинигина аб ци, баччамо томо даб куйгина, ана сверумо гураб чалида рочIчIомо. Алъ мугъ тIураб куйда панар баде будалав вукIарав дида, эб бамо бохIдилъе, рачIчIана, вас, дубаса нахе тирумо бегьараб аб ци, гьалиле жеги далъаса хутIарал гIажал ру гьанир гьал гъуждуза дир, далъ жобумо. Далъ кьапIарабни лъачIо хIанчIарабни лъачIо дида, амма дун гъаб тIирхумо гана гIоттов, гьи—-дби рехромо ана панарги. Гана вас вахI, гьаб щуб жойи аб, гъаб гъахIбие даб туманкI гIаги пайда щубиха кодоб гьечIаб амо.

КочIчIомо, хIала-балалъа вахана аде, гьаттин чваххумо белълъенаб багIгIараб жо бу бол’оса гIодобе. Агъурги гьечIо ад – дида гана далъ бол’олъ квачI кьапIараб куц буха, дир бел’эрги бекумо балъаха амо. Жобумо, балагьана канцIдахе мухIканго - бел’эр бу букIарлъуб, гьечIо цо цIикIкIараб жагъаллъи гараб хIисаб, чваххумо белълъенаб жо бу гъвес, абде цо гIемер рокъомо гьечIуниги. ГIурччинаб хирил багIараб букIдалаха гъвес, цIадги баллаб бугини лъим лъугьараб аб букIумбуха аб чухеллаб, дидаги бини гомо. Дир гьаркьихе регьарал гьубзалъа ци ана кIатIумо, урде бумо дуби нахе. ГьадаллъдагIан кин гьабумоги гьабуна яхI, гьадал кинабго батана гьоро-гьоромо, черхго. Дуба уттух букIана лъим, чурана бел’эрги – жоги, рукьаби-матахIги, буртина-палащ букIана гьосолъ, аса бахана рел’эл-хьит, чурана-зурана-хурана. Цо анкьалъ гьадалкъаса чуда рокIомо укол-дару гьабуде, черх къачIа-кIатIаде хьвадана БежтIиве. Бегьана мадар, вижа-виханаха, ле. Годала, вас, цо-цо гьиттинал жал гIухьбизул, балагьия... чIа, гьеб бицла аттияб нухIалъ, жобумо.

*ГIАБАШ*

# Баршаралги рекъон лъикI гурелдай

Дунялалда тIадго гьаб ахираб заманалда хисулеб буго халкъалъул жидедаго тIад ругел пачабаздехун бербалагьи. Хасго гъоб ГIарабазул ракьалда гIолохъабазда цере ратулел гьечIо лъебергоги кIикъогоги соналъ цебехъанлъи гьабурал бутIрулгицин. Лъаларо метер нилъееги щиб хъван бугебали, амма гьабсагIат щибаб марталда ва октябралда нилъее рищиял хIадурун рукIин якъинаб буго.

Хьул бугин халатаб жойин абула. Нилъги гьанже гуреб гьанжениги уяб батилилан, гьел рищизе бокьараз бица-бицаралда божула. Гьез пула, нилъ божула.

Гьениб бищунго квеш ккараб жо буго, гьел рищиял сабаблъун гIадамазда гьоркьоб божилъи хвезабун, гьел дандразарун, барщизарун, тухумал, гIагарлъи данде тIамун рищулезухъа бажарулеб букIин.

Нилъер росдае лъикIаб мисаллъун ккана ахирисел росдал бегавуласул рищиял. КIиявго кандидат школалдеги садикалдеги гIадамалгун дандчIвазе цадахъ ин ва бокьарас бокьарасе гьаркьал кьезе гIадамалги тей. Гьелда цере рукIарал районалъул администрациялъул бетIер вищулел рищиязул хIакъалъулъ январалда букIараб росдал собраниялда «Сугъралъ» жамгIияб фондалъул президент **ГIалистанил АхIмадица** абун букIана: **«Гъоркьиса нилъ гIахьаллъичIого гIолареб хIалтIи букIана районалъул администрациялъул бетIерасул рищиял. Гьел рищиял ругеб заманалда бихьана цебехун гIадинан нужеда 99% гьав кандидатасе кьейин абун гуреб, нилъер гIадамазул жидерго хасаб пикру букIин. Жакъа нилъ чIухIизе ккола нилъер жив-жив чиясул жиде-жидер пикру букIиналдаса. Щайгурелъул доб росулъ муфтиги вачIун гьабураб собраниялъул хIакъалъулъ гьес нижгун дандчIвараб бакIалда абуна: суалал батIи-батIиял рукIине бегьулила. Жидер сугъулдерил жамагIаталда ракI рекъанила, щив ватаниги жидерго, пикруги бугел, гьебги къватIибе загьир гьабизе бажарулел чагIи гьел ратунилан абун. Дол районалъул рищиязда цояз гьабураб цойгидаз гьабичIонани, цо-цоязе къваригIун букIана халкъ данде тIамизе. Дида цIакъ сурукъго бихьараб жо ккана 8 гъутада рищиязул кандидатазде дандчIвазе арал нилъерго гIадамал нилъеразго клубалде гьукъизе къасдал гьари. ХIадурлъун батана провокация. ОМОНги ахIун, тунка-гIуси гьабизе. Нужер собрание гуро, нижер бугин аби берцинго букIинчIо. Халкъ бикьизабиги гIадамал данде тункиги битIараб жо гуро.**

**Нилъее тун батараб лъикIал, цIодоралин абураб цIар бокьун буго цIунизе. Бокьун гьечIо цоги цIарал тезе»**, – ян.

БитIараб буго АхIмадица абулеб. Берцинго кIиявго кандидатги, кIалъазеги виччан, кIиясго кинан гIадамазул гIумру лъикI гьабизехъин бугищалиги бицун, нухда тIамизе бегьулеб букIараб тадбир. Доба гьезего гьечIеб рагъ-меч бугилан абун щуго машина милициялъулги ахIун. Хадуб Даниялин абулев кандидатасулгун дандчIвай гьабичIого букIине канлъиги свинабун, нилъее хасиятал гурел хIаял гьаруна.

Кинабха гьелъ хIасил кьураб. Якъинго бихьана милициялъул кумекалдалъун жидерго мурадал тIуразе, политикиял хIаял хIалел «кукловодал» щал ругелали. Токалъул канлъи свинабуниги Даниялилгун дандчIвай лампачирахъалги ракун жеги берцинго ана. Амма росулъ милициялъул кумекалдалъунги, хасал органазде гIолохъабазул сияхIал кьунги гIадлу гьабизе бокьарал матIуялда гIадинан рихьана.

Щай жакъа гьаб хъвалеб буго. Щайгурелъул марталда рукIине ругел рищиязда **ГIалиев Даниялги ГIабдухIалим Мачаевги** вуго цадахъ цо «Единая Россия» партиялдаса Халкъияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидаталлъун. Исана гьединан берцинго кIияцаго цадахъ кандидатура лъезе бегьулеб заманаялда, щайдай бегьулеб букIинчIеб гъоркьисаги цадахъ хIалтIи гьабизе. Жиб-жиб росдал жамагIаталги рикьизаричIого гIагарлъиялдаги гIолохъабаздаги гьоркьор рикьиялги ккезаричIого.

Жеги цоцоял руго дол 90-абилел соназда рукIарал рищиял сабаблъун барщаралги, цоцадаса ракIбакъаралги. ХIакимзабазда батараб цоцадехун нух, халкъалдаги батун, барщаралги рекъон лъикI гурелдай.

***ГIумар МАХIАДОВ***

реклама




Чистейшая вода с гор. вода разлита на месте (Согратль, «ЦIорол ут» - «Ледяной родник»). Соответствует всем санитарно-гигиеническим нормам. Обладает естественным жаждоутоляющим свойством. При заваривании чая придает ему изумительный вкус. Заказы на доставку принимаются по тел.:

**91-57-58 8-963-410-04-10 (ГIузайрил ГIабдула)**

**P.S. Обратным рейсом осуществляем доставку любых грузов в Согратль за полцены.**

Магазин «Согратль» (р-н Троллейбусного парка, начало ул. Хизроева-Энгельса) реализует оптом и в розницу широкий ассортимент мельничной продукции: толокно (тIех), солод (тIи), помол пшеницы и черного гороха, кукурузную муку, урбеч льняной и т.д.

**Полная информация по тел: 92-45-45; 8.988-292-45-45**

# Босе МегIеркIичIил кIичIараб

Газеталда хъвана! Щиб ккараб? ХIасил щибго хисичIо, хIакимзаби гIинкъунги беццлъунги руго. Щай гIадада хъвадарун? Гьаб газета щибизе? Гьединал кIалъаял рагIула критика бугеб макъалаялъул сан гьабичIеб мехалъ. Гьединаб макъала буго хадусеб. Цебесеб буго нухмалъулез пенсионеразул рахъалдасан жиндихъе бачIараб гьитIинабго гIарзаялъул гIунгутIаби лъугIизариялда сверухъ гьабураб ракI унтараб хIалтIул бицунеб.

Гьеб букIана «Баркала кьолеб буго, амма»... абураб макъала. Гьениб пенсионераз, хасго хъулухъчагIи-пенсионераз баркала кьолеб букIана колхозалъул нухмалъулезе жиндие пиринчIги, хIанги, учузаб багьаялда гьанги кьуралъухъ. Гьелдаго цадахъ гьел гIиял кьолаго цо-цояз рехъадеги ун гьел тIаса рищиялъул ва гIужал раялъул хIужабазул.

Макъала редакциялде щварабго гьеб ЖамгIияб советалда гьоркьоб лъун буго. Цинги Хеnecesазул советалъул нухмалъулев ГIалибегил ГIабдула ун вуго предколхоз Варисида дандбазе. Гьесги абун буго гIиял щвечIел, яги цIакъго къадарал рукIун рачинчIел пенсионеразе жинца гъутадаса машина цIун мадарал гIиял ритIилин, гьезул сияхI жиндихъе битIани. Гьеб суал бегавуласдаги дандбан живго Варис росулъе вачIиндал гьесдаги дандбазе тана.

Бегавул ХIажигIумаров МухIамадил презентация гьабулаго Варисица тIадчIей гьабуна гьебго суалалда, бицана хадусала кин гьеб тIубазабизе бугебали. Пенсионеразе колхозалъ гьабулеб кумек хадуб кин гьабун лъикIабали бицун кIалъай гьабуна правлениялъул член Дамаданов Шамилицаги. Гьаниб рехсечIого кинха телеб Дамаданов Шамилица гьабураб цIикIкIараб гIаданлъиялъул ва кири цIикIкIараб ишалъул. Доб макъалаялда бицен гьабурай 86 сон барай, жиндие чахъуги щвечIого юссарай гIаданги ялагьун, Шамилица гьелъие жиндирго гIиялъа бачун чIобого чахъудул черх рокъобе щвезабун буго. Рецц Шамилие! Бихьулеб букIахъе, гьеб макъалаялда борхараб суал тIубазабизе гIахьаллъун буго ЖамгIияб советги, Херазул советги, газеталъул редакцияги, бегавулги, правлениялъул членги, живго Варисги. Баркала мисалияб ишалъухъ.

Гьелдаго цадахъ ракIалъ толев гьечIо гьеб собраниялда Дамаданов Шамилил кIалъаялда тIасан цо чанго рагIи абичIого. Гьес абуна тIубараб гIумруялъго колхозалдаги хIалтIун пенсиялде арал колхозниказеги, жиндие чIобого токги ва коммуналиял бигьалъаби ругел учительзабазеги цого къадаралъул кумек гьаби битIараб гьечIилан, колхозниказе гьеб кумек цIикIкIинабизе ккелилан. Гьеб мекъаб гьечIо, цо къадаралъ тIадги рекъела, амма тIубанго битIараблъун гьабизе кIоларо. Щаяли бицина дирго мисалалдалъун. Рагъда цересел соназ дир эмен вукIана колхозалъул бригадирлъун. 5-6 сон барав дун гьес толаан колхозалъул хIамузда. Цо къоялъ дир рохьдолъа цо къинаб хIама гIодобе бортана ва кIкIалахъе гебегун ун, хвана.

Жакъадги дир беразда цебе чIола гебегун унеб доб хIамил сипат, - дирго хIинкъи. Хадуб школалда цIалулелъулел нижер мадугьал, бригадир Дабаданил ГIумарил МухIамадица кидаго батулаан дие кьезе дир соназда ва бажариялда рекъараб хIалтIи: рак лъей, тIор бищи, гул бухьи, хер баччи ва цогидабги.

Учительлъун вахъараб соналъго комсомолазул ва цIалдохъабазул бригадагун дун витIана гъутаде колхозалъе кумекалъе. Отпускалъул моцIги гьениб тIамуна, квераз гьабуралъухъ гурого кIалалъ гьабуралъухъ мухь кьоларилан, гьебги щвечIо.

Цинги щибаб соналъ сентябралда кIиго анкьалъ школа колхозалъе кумекалъе унаан. Хадуб КIубер ракь школалъ жинцаго хIалтIизабизе босун букIана, гIезабуна гьениб ахги. Къокъго абуни, колхозалъулгун хIалтIул бухьен тIураб заман учительзабазул киданиги букIинчIо. Бицинаро колхозниказул лъималазе лъайтарбия кьеялъул хIалтIул; гьелъул кIваралъул.

Гьелде тIадеги, колхозалъул жакъасеб буголъи жакъад хIалтIулел колхозниказ гьабураб гуро, гьеб буго нилъер умумуз дандбараб гIи-боцIудасаги, хур-мечIалдасаги данделъараб, киназего гIахьалаб бечелъи, учительзабиги ирсилал кколеб. Гьелдалъун, Шамиль, колхозалъул буголъиялъул хинаб тIимугъ тIубанго колхозниказдеги цIан, учительзаби гIицI гьаризе бегьуларо.

26 январалда ЖамгIияб советалдаги Варис нахъеги тIадвуссана пенсионеразул суалалде ва гьелъул хIакъалъулъ газеталда хъвараб макъалаялде. Гьеб буго колхозалъул нухмалъиялъ пенсионеразул гьабулеб тIалаб-агъазалъул якъинаб, реццалъе мустахIикъаб мисал.

Баркала гьел дир мукъсаналго мухъал кIодо гьаруралъухъги. Гьеб ккола нилъерго «Сугъралъ» газеталъул хIурмат гьабиги. РакIчIола бачIунеб хасало пенсионеразе гIиял кьеялъул тадбир тIадегIанаб даражаялда киналго разияб хIалалда ине букIиналда.

* * *

Гьанже бокьун буго гьеб гIажаибго берцинго тIубараб суалалде данде кквезе гIасиго сурукъаб ва 6-7 соналда тIубазе кIвечIеб ХIанзаласул гамачI-гIуцIалъул тIагIелал гьарулеб гьитIинаб предприятиялъе ракь кьеялъул суал.

Гьес жиндирго жигаралдалъун, администрациялъул кумек гьечIого гIуцIана гьеб, гьабуна кколеб идараялда хъвай-хъвагIай, хIукуматалъе кьола налог, 3-4 чиясе гIуцIана харж кьолеб хIалтIи. Кьолеб гьечIо гьесие гьеб хIалтIизабизе ракь. Гьелъул хIакъалъулъ гьев щвечIеб районалъул идараги хутIун гьечIо. Живго районалъул бетIер ГI. Мачаевасги гьесул гIарза ункъчIван квегIаб, рекIеда гIагараб чвантиниб лъуна. Амма гьебги араб бакI лъачIого хвараздa гьоркьобе ана.

# хвалчен

Батизе бегьула Мачаевас гьеб гIажаибаб хIикматалъул хIужа (6-7 соналъ тIубачIеб) бугилан жиндиего памяталъе тараб. Гьеб унтуе даруялъе кумекалъе квер бегьулев хIаким ккечIила, гьаб гIагараб «Сугъралъ» газета гуреб. Гьанже сундасаго ракIбуссун, сабру тIагIарав чи кумекалъе вачIеян жиндирго цIар цояв КIогьориса кочIохъан ХIанзаласде ахIи базе чара гьечIевлъун кколев вугилан, балъго гIадин, дида бицана нилъер ХIанзалас. Бокьун гьечIила жиндие гьаб къабихIаб хабар район тун къватIибе рагIизе ва бахIарчияб Гъунибалда чIегIераб тIанкI лъезе. Бугила цIар цоясухъе битIараб рисалаталда гьаб кечIги:

Хъур-хъурин хъухъалеб
ГамачIги буго,
КIутI-кIутIин кIечIолел
КуртIбиги руго.

Гьезул цоцалъ рекъон
РекIел ахIиялъ
ХIанзалав – кочIохъан
АхIулев вуго,
Устар ХIанзаласе
ХIалае щваян.

Гьал бюрократазул
Бо биххиледухъ
Биччай гьаракь борхун
Цо щобил бакъан.

Гьал рушбатчагIазул
Квер бекиледухъ
Жергъмода квер кьабун
КечI ахIе, гьалмагъ!

Лъоб Гъуниб мегIерги
Учузлъун бугин.
Турчиялде вахъун
Зоб гъугъазабе.

Гьал гIарцул гурони
МацI бичIчIуларел
ЦIогьабазул ракIал
КIихIи кьвагьизе.

Гьал хIелхIелчагIаца
ТIутIун чакъулеб
Бице Имамасда
Улкадул къисмат.

**Нилъеда киназдаго лъала кигIан захIматаб хIалтIи бугеб тохтурасул, хасго росулъ хIалтIулев тохтурасул. Гьес гьабизе ккола киналго специалистазул хIалтIи. Гьеб хIалтIи бигьа гьабизе нилъер Сугъралъ учаскаялъулаб больницаялъе кидаго кумекалъе ратула росуцоял, хасго МахIачхъалаялда батIи-батIиял бакIазда хIалтIулел врачал. Гьаб гIадамазе магIишат гьабизе захIматаб заман бугониги, камуларо росулъ ругел унтаразулги больницаялъулги тIалаб гьабулел, тохтурзабазе кумек гьабулел гIадамал.**

**Гьединаздасан цоял ккола Камалова Анжела ва Зарема.**

**Росдадаса рикIкIад, Дагъистан тун къватIирехун Сургуталда рукIаниги, гьезда кIочон тун гьечIо жиндирго росуги, росдал гIадамалги. 2010 соналъ гьез Сугъралъ больницаялде битIун бачIана 25 000 гъурщиде гIагарун дараби ва цогидабги медицинаялъул къайи-цIа.**

**Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе гьединал сахватал гIадамазе. ГIинчилов МухIамад (2-абилеб больницаялъул тохтур), Самедов МухIамад (Буйнакск), ИсмагIилов Халид, ГIабдуразакъов МухIамад, ГIисаев ГIиса (Буйнакск), ХIажиев Шайихмустафа (аптека МФС), росдал администрация, Амиров Сатмар, ГIисаев РизванхIажи, МухIамадов (ГIимранил) ГIали**

**РекIел анищал тIурайги гьезул, хъизан – рукъалдасан рохун тайги гьел.**

Жакъа гIемерисев чияс кьола: «Щай гьал гIолохъаби рохьоре унел?» – абураб суал.

Гьале цохIо гьаб хIужа гIела гьелъие якъинаб гIилла. РакIчIола доб хIалтIул гъегъ-мучги, хIур-сусги рехун тун, «рохьил вацазе» бункерал разе ани ХIамзалав, метерго тIубазе буго гьесие суалги, ратизе руго гьеб тIубачIолъиялъе гIайибиял хIалихьаталги.

Амма гьев кивего инаро! Гьесул яхIги, сабруги, гIаданлъиги цIикIкIараб буго.

ХIурматияв бегавул ХIажигIумаров МухIамад!

Гьаб «цIикIкIун захIматаб», лъабго бегавуласул болжалалда тIубачIеб, гьезда квегъизе кIвечIеб масъалаялъул «Гордиев узел» эстафета гьабун духъе щвана.

Бокьилаан дуца, дурго къагIидаялъ, дов МегIеркIичIил чанго къажарасул бетIер гиризабураб кIичIараб хвалченги босун, дов Александр Македонскияс гIадин, гьеб гарацI бичизе.

КигIан заманалъ лъикIав чи, кумекги, иманги, гIаданлъиги бугев инсан – ХIанзалав гьаб тIом биццатаб хIакимлъиялъул зулму хIехьезе телев?

***ХIУРМАТИЯБ РЕДАКЦИЯ***

Доб цебелъ хъварабги
Хвараб лъаларо,
Хабарго гьечIоан
Гьаб номералда.

Гьанжесебги нужой
Бокьизе гьечIо,
Бокьуларо хабар
Гьав ХIанзаласул.

Амма «хIурматиял»,
Гьаб хIораб суал
ХIаршулъ къаралъуса
БорчIизе ккола.

ЧIор цохIо биччараб
ГIужда щвечIони,
Щуго хадусебги
Кьвагьизе ккола.

Кьварун, къвакIун гьанже
Къалмил умматалъ
Къарумал бацIазда
ЦIа лъезе ккола:

ЦIиял гъунисезул
Кьариял кутул
Кьолодаса гъоркье
Роргизаризе.

ГIадамал ричIчIулев,
ХIажалъи лъалев
ХIаким бетIерлъуде
ТIадеяв ккезе.

МАГЬДИМАХIАМА

# Ракьазул суал ккола

**Жакъа нижеца гара-чIвари гьабулеб буго ЛъаратIа районалъул ТIагьада росулъа ГIусманов Асильдарилгун. Гьев ккола АФ «Весы» ОООялъул Генералияв директор, НП «Россиялъул аудиторазул палатаялъул» Дагъистананалда бугеб регионалияб отделениялъул председатель ва А-1 категориялъулав экспертги. Гьединго Асильдар вуго сугъулдерил мисалиял дурцабазул цояв. Гьесул хъизан йиго Агъал Сулеманил МухIамадил яс Самра.**



**- Асильдар, дуе тIоцебесеб суал буго гьадинаб. Щив чи ккола аудитор?**

- Россиялда тIоцебе аудиторазулаб фирма гIуцIана 1994 соналда. Нижер фирмаги буго Россиялдаго тIоцебе рагьаразул цояб. Аудиторал щал чи кколелин абуни? Нилъер цере рукIана ревизорал. Масала цеве дун хIалтIулев вукIана «Дагрыба» абулеб бакIалда. Гьениб букIана ревизия гьабулезул хасаб отдел. Мунагьал чураяв Сугъралъа АхIматIилазул АхIмадги вукIана гьенив дида цадахъ хIалтIулев. Доб заманаялъ жиб-жиб ведомствоялъ ревизия гьабун халгьабулаан жиде-жидер хIалтIулел предприятиязул.

Гьанже нилъ рачIана дунялалда тIад бугеб низамалде. ГIуцIун буго лъидаго рачIел аудиторазул хIалтIи. Щай гурелъул гьанже гIуцIун ругел акционериял обществабазда гIемерал чагIазул руго акциял. Акциял ругел чагIазда лъазе ккола, кинабниги предприятиялъе кигIан хайир щолеб бугеб. Гьелдаса кигIанасеб мухь жидее щвезе ккола. Гьеб битIун хIалтIулеб бугищ? Законал цIунулел ругищ? Гьелда хадур халкколел, чияда рачIел экспертал ккола ниж. Финансазулаб министерствоялда буго кIиго батIияб управление. Цо гьезда гъорлъ бугеб бюджеталъулаб гIарцуда хадуб халкколеб КРУ ва цоги чияда рараллъун гьечIел гьезиего кумек гьабулел аудиторал.

**- Дур хIалтIулеб бакIалда «Весы» абун цIар теялъе гIилла щиб?**

- ГIадамаца цIадираби гьечIого даран-базар гьабуларо. Нижги руго даран-базаралъе кьимат кьолел чагIи. Нижеца мекъи хIукму кьотIани хIарамаб даран-базаралъул мунагь нижееги щола. ГIадамазда ГIали, ГIумар гIадинан нижерго хIалтIулеб бакI батIабахъизе лъазе тараб цIар буго гьеб.

**- Асильдар, мун вуго сугъулдерил дурц. Сугъулдерица лъикIал дурцазда абула гьавги нилъер чи вугилан. Дуда дурцин абуни мекъи бихьиларо гурищ?**

- Дун годала сугъулдерил дурц. Бугаб жо кеб рехлаб.

**- Гьелъги батила, цогидал гIадамазда хадуб гIадинан дур сугъулдерил, хасго гъутада гIумру гьабулел гIадамазда хадуб ракIги унтараб. Гьеб бихьана дуца гъоркьиса ЖамгIияб советалда гIахьаллъиги гьабун ракьул къанунazул хIакъалъулъ магIнаяб баян кьеялъулъги. Кин бугониги, гьеб цIакъ кIвар бугеб суал букIиналъ. Бокьун буго нахъеги тIадруссине гъоб ракьазул суалалде. Бицани бокьилаан гъутада ругел ракьазул жакъа бугеб ва метер букIине бегьулеб къисматалъул хIакъалъулъ.**

- Ракьазул суал абунани гьеб буго цIакъ кIвар бугеб суал. Нилъер гъутабазда цохIо сугъулдерил гурел лъебелазулги, цIунтIадерилги, гумбетазулги, Шамил районалъулги гIадамазул буго цо унти.

ГIемерал чагIазул магIарухъ гьечIо минаби. Гьезул гъутада руго рарал рукъзалги, буго магIишатги. Гьел бакIазул кибго хъвайхъвагIай гьабун гьечIо.

ГIадамазе жидерго ихтиярал цIунизе бокьун батани, щибха гьабизе бегьулеб жакъа. ТIоцебе жидер рукъ бугеб бакIги, цебе бугеб ракьги, бугеб магIишатги жидедаго хадуб щула гьабизе тIалаб гьабизе ккола. Масала, гъутада цо рокъор жанир ратани 5-6 лъимер. Жиб-жиб лъимералъ 18 сон барабго хIукуматалъ кьезе ккола мина базе ракь ялъунани цо хассаб гIарцухъ бараб мина. Жакъа гьел гIадамазул сундулниги ихтияр гьечIо. Гьезул хъвайхъвагIай (прописка) буго магIарухъ. Гьениб гьезул я ракь, я мина гьечIо. Гьел кколел руго хIанчIал гIадинал чагIи. Гьеб ракьул суал тIубазе хIукуматалъ кьураб заман буго 2012 соналъул 1 январь.

**- Гъутада ругел гIадатиял чагIазул, магIишаталда ран рукIиналъ, гIемерисезда лъалеб батиларо щиб гьез гьабизе кколебали?**

- Жив-жив чияс судалде хъвазе ккола гIарза, жив вугеб бакI жидеда хадуб тасдикъ гьабеян. Гьев чиясул 2012 соналъул 1 январалдаса нахъе гьеб ракь тIалаб гьабизе ругел ихтиярал лъугIула. Щайгурелъул гьесда абизе буго 2000 соналдаса нахъе, дуе 11 сон кьун букIана щай тIалаб гьабичIебан.

**- Дуца нужеразегоги цоги**

# цIакъго кIвар бугеб

**духъе аскIоре рачIаразеги щиб кумекха гьабулеб бугеб?**

- ЛъаратIа районалъул 11 росу буго гъутада, 50% халкъги буго гьаниб. МагIарухъ дир росу ТIагьада батананиги, гIодоблъиялда нижер росу ккола Бабаюрт районалда Шидрин. Гьеб Шидрин росдал гIадамазе дица ракIарана къваригIаралщинал кагъталги ва ракIалда буго гIагараб заманаялда Европалъулаб судалде гьеб битIизе. Нилъ унтарал, ботIролъ жагъаллъи бугел, гIакълу мукъсанал чагIиги ратичIони, нилъехъа бажаризе ккола нилъерго ихтиярал цIунун.

ГIемер лъикIал законал руго Россиялъул. Гъора руго национaлиял проектал «Здоровье», «Образование», «Сельский дом», «Ипотека», нухал гьари, кредитал, стихийное бедствие гIадинал. Гьездаса пайда босизе дур ихтияр гьечIо мунго бетIергьанаб ракь, я мина гьечIонани.

**- Нижер гъутабазул ракь кьун буго агрофирмаялъухъе 49 соналъ ижараялъе.**

- Гьеб колхозалдаса ракь нахъбахъизе гIемерал багьанаби руго. ЧIезабизе бегьула налогал мекъи кьун ругин, ккезе бегьула колхозалъул председательги, районалъул администрациялъул бетIерги разилъун колхоз биххизабиялъул хIужа. Гьедин гьабунани цо-кIиго къоялда жаниб хиса-баси ккезе рес буго. Амма гIадамазда хадуб гъоб ккoлеб ракь, минаби щула гьарун ругонани, гIадамазе ккoлеб мухьги рецIелги кьечIого нахъе босизе лъиилниги ихтияр гьечIо.

**- ГьабсагIат щибго ихтияр гьечIел чагIи ккoлел ругоха дора ругел гIадамал?**

- Дора ругел гIадамазул ихтиялдаса хIанчIчIазул ихтияр цIикIкIараб буго. Гъоб законги гIуцIун буго жакъа Дагъистаналъул хIакимзабазе жидеего бокьарал чагIазе гьел ракьал кьезе кIолеб хIалалда. Жакъа нилъер ругел ихтияраздаса пайда босарал чагIаца нахъе тела жидерго лъималазе я ракь, я рукъ.

**- Жив-живас ралагьизе ккелаха судалде кьезе ресал. Гьелъ ратилаха гьал гIезегIан чагIи батIи-батIиял росабалъа гъутабазда ругел духъеги рачIунел.**

- Цо-цо чи судалде анани, масала ккана 300 чи. Гьелгощинал судал лъица гьарилел? Гьелъие рагьизе ккола «ЖамгIияб цолъи». ГIадамазул ихтиярал цIунулеб жамгIияб гIуцIи бугонани, гьенире лъугьарал чагIазул ихтиярал цIунизе кIола нилъер законалда рекъон цо чиясда. Дирги буго гьединаб гIуцIи. Жакъа дида бихьулеб гIадамазул ихтиярал цIунулеб нух буго цо киналго къваригIунел кагъталги хIадурун судалде кьей. Судалъул хIукмуялда рекъон росдал магIишаталъе хIалтIизабулеб ракь буссинабизе ккола минаби разе ихтиярал ругел ракьазде. Ва жив-жив ракь тIалаб гьабулев чиясда хадуб тасдикъ гьабула гьесие ккoлеб ракьул бутIа.

**- МагIарухъ ругел ракьазда щиб дуца абилеб?**

- Нилъер ругел законазда рекъон лъора рукIарал колхозалъул ракьал паял гьарун рикьизе ккolаан щивав колхозчленасе. Гьел ракьал рикьичIолъи буго такъсирчилъи. Нилъее гIадатиял гIадамазе квеш бугебгIан, хIакимзабазе лъикI буго жакъа. Цо кверадъ кукIеналги гьарун, цояб кверадъ кумек гьабулел ругилан гьезие мухьги цIарги щолеб буго.

Россиялда буго ракьазул закон. Цоги бакIазда гьеб хIалтIулеб буго. Дагъистаналда хIалтIулеб гьечIо. Щайгурелъул нилъер тIалъиялда ругел чагIаца законал жидеего гIарац бахъизе къваригIараб хIалалда хисизарулел руго.

**- МагIарухъ ракь паязде бикьизе бегьулеб буго гъутада?**

- Гъутабазда бегьуларо. Гьеб ракь буго заманаялъ нилъехъе хIалтIизабизе кьураб.

**- Гьаб нилъер гъутабазул гIадинал ракьал цоги Кавказалъул республикабазда ругищ? Лъил ккoлеб гьабсагIат гъутабазда буго ракь?**

- Дагъистаналда гурони тIокIал гьадинал гъутабазул гIадинал ракьал кирниги гьечIо. гьаниб бугеб гIадинаб квешаб ракьул хIалги кибниги гьечIо.

Жакъа Дагъистаналда ругел законазда рекъон гъутабазда бугеб ракь буго Дагъистаналъул пачалихъалъул ихтиялда. ТIокIал гьелъул бетIергьаби гьечIо. ГIезегIан гIодоблъиялда росаби рарал ракьалги руго гьебго пачалихъалъул ихтиялда. Гьал ришватчагIазул цIураб пачалихъ бугеб бакIалда халкъалъе ритIухълъи балагьизе цIакъ захIматаб жо буго. Гьез гьабулеб тендер абулеб жоги буго цебеккунго къотIиги гьабун гьабулеб, замангицин лъазе течIого жанибго гьабулеб гьадингосеб гIахьучI.

Гьеб законги буго Россиялъул ракьазул законалде дандекколареб. Ракьул гIадлу гьабизе бугилан цояв депутатлъун, цояв администрациялъул бетIерлъун вахъулев вуго. Гьеб ракьул закон цIаланани щибниги квалквал гьечIо жакъа халкъалъул тIалабал тIуразаризе.

**- Гьа кьуна ракьги, бана росуги. ЖакъалъизегIан гьезул росдал администрация букIана магIарухъ. Метерисеб къоялъ территориалияб рахъалъ лъил ихтиялда ккезе рес бугел гьел росаби?**

- ГьабсагIат бокьараб муниципалияб гIуцIиялда жаниб буго федералияб, бакIалъулаб ва республикаялъул пачалихъалъулаб ракь. Нилъее кинаб батIалъи бугеб гьезухъ налог кибе кьунаниги, юридикияб рахъалъ нилъее батIалъи щиб Россиялда жанир нилъ ругонани. Нилъеца ургъел гьабизе ккола гьенир ругел гIадамазул. Щиб гьез жидерго лъималазе толеб бугеб абун. Метер нилъ ракъун хутIизе руго гьел ракьал хIалтIизаричIонани.

Балагье магIарухъе биччалеб бугебги, гъутабазде биччалеб бугебги гIарцухъ. Гьеб кинабго биччалебщинаб бюджеталъул гIарац унеб буго магIарухъе. Гъурущ гъутабазде унеб гьечIо. Бюджеталъул кодексалда рекъон гьезул ихтиярги гьечIо гъутабазде гъурущги кьезе. Щайгурелъул гъутада ругел минаби, нухал гьор-бокьал кирниги хъвай-хъвагIаялда гьечIо.

**(Хадусеб 16-аб. гьумералда)**

ГАРА-ЧIВАРИ

# Ракьазул суал ккола цIакъго кIвар бугеб

**(Хадусеб 14-15 аб. гьурмазда)**

**- Газеталда кIолеб жо бугоха гIадамазда гьадин бугин бицине. Нижеда рагIичIо, бицинчIеб щайилан абичIого букIине. Гьал хутIарал моцIазданиги гIадамалги жидерго букIинеселда тIад ургъи, гьеб бугоха нилъер мурад.**

- ГIемерисел гъутаналъул ракьал церего рикьун, ричун руго. Гъол балагьун чIун руго заман щвезегIан. Гьеб мехалъ эбелги, эменги, Аллагьги ракIалде щвела гIемеразда.

**- Асильдар, нилъги рокьуларел, нилъеда тIад квершелги гьабизе бокьарал чагIазул, масала, генерал (Ермоловасдаса байбихьун анищ букIана нилъ жанирго рикь-рикьизаризе, цоцаде данде гьусизе, цоцаде данде тIамизе. Гьелъ гIезегIан хIасилалги кьуна. ТIадежоялъе гьал ахирал соназда рищиял сабаблъун росаби, гIагарлъи бикь-бикьизабулеб гIадинаб хIисаб кколеб буго. Дурго гIагараб ЛъаратIа районалъул рищиял сабаблъун гьобол-гьудул вукIарал, нус-нус соназ гьуинго рукIарал росабазда гьоркьорги къваригIел гьечIел рикьалаби ккана. Хадусел гьал рищиязул къисмат ва гьезул хайир, зарал кинабдай цIикIкIун букIина халкъалъе?**

- Жакъа къоялда жаниб рищиял ритIун гьарунани гьезул щибниги зарал гьечIо. Балагье Америкаялъул президент вуго неграв. Гьел ругоха законалда рекъон гьарулел рищиял. Дица ЛъаратIа рукIарал рищиязул кIиго хIалтIи кьун буго судалде. Нилъер гьанир рищиязда рехараб бюллетень ахир цIезабулеб протоколалда хъинтIулебго, гьечIо. ТIубараб гIаламго рищиязде инчIого чIаниги гьанире протоколал кьолел руго цереккунго гьарурал къотIи-къаязда рекъон. Рищиял руго нилъер гьаниб демократия бугин абун ккезе гьарулел хIаял. Дунги вукIана рищиязда гIахьаллъун. Диргоги ккана гьеб гIагарлъиялда гьоркьоб къваригIел гьечIеб хабар.

**- Квеш ккараб жо буго, Асильдар, халкъ бикьизабулеб букIин. Нахъасан рищаралги, рищулел рукIаралги рекъон ратулел руго.**

- Даран-базаралъул хIукуматалъул правило буго демократия. Нилъеца хIисаб гьабизе кколеб жо буго гьадав чи дова вукIун досдаса нилъее бугеб хайир щиб бугеб абураб. Умумуз бицуна мун балагьейила гьагъав чиясул церехун рукIарал чагIаца щиб хайирила халкъалъе гьабун букIарабан. Гъоздаса цIикIкIараб гьасги гьабулароян.

**- Дуда сугъул гIезегIан лъалелги рукIун ратила, амма гьай Самрагун дандчIваралдаса жеги лъикI лъан ратила. Щиб дуца абилеб? Рази вугищ мун?**

- Дун рази вуго. Бугелдаса лъикIлъи лъаларев чиясе ТIадегIанас хадубги лъикIлъи кьоларо – ян аби буго. Дун ЛъаратIаса цIикIкIун Сугъралъе щола. Хасго разияв вуго алъул гIагарлъи гъункун гьуинго букIиналдаса.

**- «Сугъралъ» газеталда щиб абулеб?**

- Дица нужер мисал бачуна нижер чагIазе, хасго газеталъул. Гьенир рукIуна хварал, гьарурузул баян, росдал тарих, умумузул суратал. Бугеб жо цIунизе ккола.

**- Ахиралдаги щиб абизе бокьилеб?**

- Нужер росулъ руго гIемерал хIакимзаби. Гьездаги лъала гъутабазда ругел гIадамазул ихтиярал гьечIеблъи. Дида асклове вачIарав чиясе кумек гьабизе дун хIадурав вуго. Амма хадуб ккун тараб жо балагьеян абизе бокьиларoан дица мисалалъе росулел чагIацаги.

**- Баркала, Асильдар, дуе магIнаяб гара-чIвариялъухъ.**

*ГIумар МАХIАДОВ*

реклама

«Бичулеб буго Сугъралъ росулъ (Удукь) Атрач ГIумархIажиясул мина. Багьа 250 азарго гъурущ. Баянал щвезе бегьула гьаб номералде ахIун: 89280500530

ПРОДАЕТСЯ
КИРПИЧ-БУХАНКА
Качество хорошее. Цены заводские. Для читателей газеты «Сугъралъ» - скидки. Справки по тел: **8-909-484-80-25 (Али)**

Бавтугъай поселокалда бичулеб буго киналго шартIал жанир ругеб, цебе пихъ кьолеб ахги, хIалтIизабизе огородги бугеб кIитIалаяб мина.
Багьа-квараялъул ва цоги хIажаталъул мухIканаб баян щвела гьаб телефоналде ахIани: **8988 292 25 82 .**

**ЧIохъ-Коммунаялда бичулеб буго кIитIалаяб мина. Минаялда жаниб буго кIудияб рагъи, богорукъ (кухня) ва ункъо рукъ. Цебе буго 11 сотых ракьулги. Босизе бокьаразе къваригIараб баян щвела гьаб телефоналде ахIун.**
**8963-412-49-97 Марина**

**Салон красоты «РЕВЛОН»**
Услуги косметологии и парикмахерского искусства, фирменная одежда.
**Ул. Орджоникидзе, 162. Тел.: 69-32-02**

**ЦИФРОВАЯ ВИДЕОСЪЕМКА**
Свадеб, банкетов и др. торжеств.
**Монтаж, заставки, запись на DVD**
Тел.: 5-18-62 дом.;
Моб.: 8-903-429-99-73

**Выпечка «Асоноб»**
***принимает свадебные и другие заказы (в том числе и на европейские пирожные)***
***Тел.: 8-988-298-51-82***

Магазин «Согратль» (р-н Троллейбусного парка, начало ул. Хизроева-Энгельса) реализует оптом и в розницу широкий ассортимент мельничной продукции: толокно (тIех), солод (тIи), помол пшеницы и черного гороха, кукурузную муку, урбеч льняной и т.д.
**Полная информация по тел: 92-45-45; 8.988-292-45-45**





# ГӀабдулагьие жаваб

ИчӀго лъагӀел балев, лъабабилеб классалъул цӀалдохъан Гъазичилов Шамилил ГӀабдулагьица дида гьикъана: гьитӀинай юкӀаралдаса нахе дуца миллион къо бан батилин абун.

Хиял гьечӀеб суалалъ хагазе гьаюрай дица ургъичӀого жаваб кьуна жеги гӀемерал ран ратилин.

ТӀад хӀетӀе чӀараб ракьулги щварабщинаб бакӀалъулги хӀисаб гьабуни, кӀигониги миллион батилин ккана.

Цо гӀумру ана Пидул мархьух рии-риидал хӀури-мочӀое ун, гӀибоцӀуда хьвадун, школа рагьарабго радал ехе, къад йиччарабго лъуйи хьвадун.

КӀиабилеб гӀумру унта-щокъ-лъун больницабазде хьвадун ана.

Лъабабилеб гӀумру щвечӀеб бакӀго течӀого цыганалъул гӀадин терелаго унеб буго. МечӀ бацун дагьай хадуй гьаюнин мунахӀал чураяй эбелъул бицадухе бараб 75 сонгин 6 моцӀрое батана 27559 къо.

Дун мекъа ккун ятичӀуни миллионалъе ратана – 2739 сонгин, 8 моцӀги, 25 къоги.

ГӀабдулагьги гьесул кӀудай яц ГӀашатги тӀамуна жиде-жидер сонал къоязде руссине гьаризе. Гьезиеги диеги кӀудияб задача гӀадаб жоги ккана. Азие бегьла, дее къурагӀил букӀлароан. Къулгьу, алхӀам цӀалун чӀани кири букӀлаан.

ГьитӀинав васасе гьабураб жаваб мунахӀазукьго хваларaб балъа.

*Аязил АхӀмадил ГӀашат*

### ЧИНТИЛОВАСДЕ (1984 СОН)

***Аминтил изну гьечӀого, гьелдаса разилъи босчӀуго кьезе кӀвечӀого томо букӀана, кьуна гьелъги разилъи. Кьейги гьелъиеги сахлъи, хъизан-лъималаздаги барка лъейги.***

***Амин Аллагь я Аллагь, хабарал рохарал рагӀайги.***

Хабар бачӀун буго больницаялде
Кверал меседилав
тохтур хванилан.
Нижер унтаралги къваридго руго,
Дару къабулав
врач къаникь лъунилан.

АхӀун вачаралъув
хӀентӀ хехав тохтур
Гьобол хехав щундай
мун хӀалакарав.
Унтаразе гӀоло РухӀ кьун хӀалтӀарав
Дурго РухӀ кьеялъе
гӀилла щиб ккараб?

Лъималазул улбул хвасар рулаго,
Дурго хъизам-лъимал
кӀочонищ тарал?
Унтарал сах гьарун
хӀалтӀи гӀемерлъун,
Мунго сах гьавизе
заманищ ккечӀеб?

Районалда жанив
цӀар арав тохтур,
Мун къаникье араб
хӀакъаб бугодай?

Дунялалъул рокъоб бакӀ
къварилъундай
БецӀаб лахӀтуялъув кьижизе арав?

Дур меседил цаби
къирулеб мехалъ
Хьолбохилан ккечӀищ
гьарун ячарай.
ПасихӀаб дур кӀал-мацӀ
къотӀулеб мехалъ
АскӀорилан ккечӀищ
тӀулалъул яцал.

Вацал хваралдаса
рохелго бехьчӀай?
Кин юкӀаян тарай чехьалъул эбел.
Чохьол лъималазул
ракӀ киндай буго,
ТӀулалъул вацазда
киндай рагӀана?
Дуда хӀеб рекъайги,
лъикӀав гӀалимчи,
ХӀабалъ мун рекъайги,
дур вас чӀахаяв.
Мункар - Накирасе жавабал кьеде
Кьейги дое пагьму,
пасихӀаб кӀал-мацӀ.

Росдае къабулав
къадру бугев вас,
Бер бараб лъаларо,
ана агъла чӀван.
Щиб гьабилеб, эбел,
хъван букӀун буго,
Разилъизе ккела
гьеб къадаралда.

### 2011 СОН

АскӀове щваниги, калам буниги
Унтаби тӀолалго рачахун унев,
Махщел-гьунар тӀокӀав врач вукӀана.
Къоло анкьабго сон хун свераниги,
Жакъа вугебгӀанги рекӀелъ цӀунарав
КӀочене рес гьечӀев инсан вукӀана.
Унтараб къотӀумо сагълъи цӀунарав
ЦӀар арав хирург Мажидгун цадах
Даража барщалъун аскӀор ратаги.
Къаркъала кӀудияв, гӀамал гьитӀинав,
Гъунисезул тохтур, лъикӀав терапевт,
Сираж МухӀамадгун лъабавго цадах
Алжанул агьлулъун гьарун ратаги.

*Аязил АхӀмадил ГӀашат*



# АтIтIалакъ (цIар тIами)

**Ассаляму гIалайкум ва рахIматулЛлагьи ва баракатугь.**

**БисмиЛлагьи ррахIмани ррахIим.**

**Щибаб рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго ва салатги ва саламги Гьесул аварагасе ва расуласе, ва асхIабзабазе буго. Гьелдасан хадуб:**

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Гъоркьияб макъалаялда дица баян гьабун хъван букIана никахI абураб макъалаялда хурхун, гьелъул ахIкамал ва шурутIал, ва гьаб макъалаялда бокьун буго ТIадегIанав Аллагьасул изнуялдалъун баян гьабун хъвазе **тIалакъалъул (ай, цIар тIамиялъул)** хIакъалъулъ. Щиб жо кколеб тIалакъ (цIар тIами), кин гьеб тIамизе кколеб, гьелъул къагIидаби, ва гьеб гуреб цогидабги гьелда хурхун ругел жал, къокъ гьарун аслияб мурад – бичIчIи жанибе бачун.

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

**НикахI** абулеб жо, гьелъул ахIкамал ва шурутIал ричIчIуларел, ва гьезда тIад кIвар кьолареб гIадин, гьединго гIемерисев чиясда ва чIужугIаданалда бичIчIулеб гьечIо щиб жо кколеб **тIалакъ (цIар тIами)**, кин гьеб тIамизе кколеб?, лъил ихтияр бугеб гьеб тIамизе?, кида тIамизе бегьулеб ва бегьулареб, чан нухалъ тIамизе бегьулеб, ва гь.ц..

**ТIоцебе щиб жо кколеб тIалакъ:**

ТIалакъ абулеб жо ккола росас жидерго лъади батIа гьайи, рагIудалъун, хъвай-хъвагIаялдалъун, ялъуни ишараялдалъун.

Гьеб цIар тIамиялъул аслу буго, тIалакъ гьаби карагьатаб букIин, амма жидер шаргIиял асбабаздалъун гьеб тIалакъ гьаби букIине бегьула цо-цо мехалъ тIадаблъун, суннатаблъун, бегьулеблъун, хIарамаблъун, ялъуни карагьатаблъун.

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Рос-лъадуда гьоркьоб яхI бахъине ккола гьуинлъи тIалаб гьабизе, цоял-цоязда гьоркьор ругел хIукъукъал, ихтиярал тIуразаризе яхI бахъи, сабру гьаби, гIакълу-хIикмат цциналдаса цебе ккезаби, хасго бахъараб цциналда хадур рильлъун гIиси-бикъинал дандеккунгутIиял сабаблъун тIалакъ гьабизе гIедегIунгутIи.

Диналда жаниб букIине бегьуларо махсаро гьаби. Гьеб махсаро гьабиялдалъун дуе гIузру щоларо. Къуръан ва хIадисалъе гьечIо махсароде бакI, гьелдалъун тIалакъ (цIар тIами) махсароялде гъоркье бачанани, гьелъул хIукму хIакъикъияблъун ккола, ва дуе ихтияр гьечIо дир гьеб жо махсаро букIанин абизе.

Рос-лъади батIалъичIого тIубалареб бакIалде рачIанани шаргIалъ бихьизабун буго гьел ратIалъулеб къагIида.

**КИНАЛ РУГЕЛ ШАРГIИЯБ КЪАГIИДАЯЛЪ ЦIАР ТIАМИЗЕ ККАНАНИ ТIУРАЗАРИЗЕ ККОЛЕЛ ЖАЛ:**

1 **ТIалакъ гьабизе (цIар тIамизе)** бегьуларо жидер чIужу хIайзалда (менструациялда) йигеб мехалъ, гьедин цIар тIаманани, гьев ккола Аллагьасеги ва гьесул расуласеги гIассилъарав чи, ва хIарамлъиялде жив ккарав инсан.

2 **ТIалакъ гьабизе (цIар тIамизе)** бегьуларо жидерго чIужу хIайзалдаса (менструациялдаса) яцIцIалъизеги яцIцIалъун, гьелдаса хадув жив асклове ун джимагI гьабуралдаса хадуб, гьелъул ургьиб лъимер ккун батун гуронани, ай ургьиб лъимер кьун батичIонани, хIайзалдаса яцIцIалъун хадуб росас джимагI гьабун бугонани, цIар тIамизе бегьула.

3 ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Я гьав аварагь, руччабазе тIалакъ гьабулеб мехалъ, гьезие тIалакъ гьабейила гьел жидерго гIиддаялда ругеб мехалъ». Щиб жо кколеб **гIиддагь**, гьеб хадуб баян гьабила.

Жинда Аллагь разилъаяв ибн ГIаббасица абуна: «Гьелъие (ай лъадуе) тIалакъ гьабиларила гьей хIайзалда йигеб мехалъ ва гьей яцIцIалъараб мехалъ джимагIалдаса хадуб». Баян: тIадехун рехсараб гIадин хIайзалдасанги яцIцIалъун, гьелдаса хадуб джимагIги гьабун бугонани росас, ва гьелдаса хадуб гьев росасе бокьанани цIар тIамизе, гьев валагьун чIезе ккола нахъойги лъадул хIайз бачIинегIан, ва гьей яцIцIалъизегIан, черхги чурун, ва хадув асклове ине, ай джимагI гьабизе бегьуларо, цIар тIамизе ният батанани.

4 **ТIалакъ гьабизе (цIар тIамизе)** бегьуларо цо маджлисалда цо нухалъ гуронани, ай лъабабго цIар цадахъ тIамизе бегьуларо, ва амма лъабабго цIар цадахъ цо маджлисалда тIамананани, гьев рос ккола жив хIарамалде жаниве арав, жинца бидгIа гьабурав чилъун.

Жинда ТIадегIанав Аллагь разилъаяв Любайдил вас МахIмудидасан бицана жинда салат-салам лъеяв аварагас абунила: лъабго нухалъ тIатIалаго цIар тIамурав чиясул хIакъалъулъ:

**«Гьел расанкIаби хIалелищила ругел Аллагьасул тIехьалда тIад, ва дунги гьезда гьоркьов вугеб мехалъ?, хIатта цо чияс абунила: «Я Аллагьасул расул, дица чIвалищ гьев чийин абун»»** (ХIадис бицана Ан-насаияс жидерго хIадисазул сунаназда №340I, ва Албанияс кьучIаблъунги бихьизабуна гьаб хIадис)

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Гlемерисез тIоразарулел гьечIо тIалакъ гьабулеб мехалъ гьал церехун рехсарал жал ва Аллагьасул гIорхъабаздасан къватIиреги кIанцIун жидее бокьа-бокьараб заманаялъ ва къагIидаялъ тIамулеб буго цIар. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Щив вугонаниги Аллагьасул гIорхъабаздисан арав, хIакълъунго гьес зулму гьабунила жидерго нафсалъе»**, ва гьединго абуна ТIадегIанав Аллагьас: **«щал ругониги Аллагьасул гIорхъаби тарал, гьел кколила залимзабаздасан»**. Гьелдалъун тIадаб буго жив-живасда жидерго гьабулеб гIамал цIунизе ва тIобазабизе Аллагьасул гIорхъабиги цIунун, гьесул амруялда рекъон, тIалакъ гьабиялъулъ батаниги ва цогдиб ишалъулъ батаниги.

Гьанже баян гьабизин росас-

дасан лъади ятIалъарайлъун рикIкIине кканани, кин гьеб рикIкIунеб, чан цIарудалъун рикIкIунеб, ва щиб жо кколеб гьитIинаб, ялъуни кIудияб ятIалъи, ва щиб жо кколеб цо нухалъ, кIиго нухалъ ва лъабго нухалъ цIар тIами, ва гь.ц.

Цебехун баян гьабуна, кинаб къагIидаялъ тIалакъ гьабизе бегьуларебали, гьанже бицина, кинаб къагIидаялъ гьеб ине кколебали. Росасе лъадуде цIар тIамизе бокьанани, ва гьеб тIамичIого гIолареб бакIалде гьезул хIалги кканани, гьев росас абила жидерго лъадуда цIар тIамиялъул, ялъуни гьелъул магIнаялда бугеб рагIи, масала, гьес абила, дица дур цIар тIамулеб бугилан, ялъуни, дица мун ятIа гьаюлей йигилан, ва гь.ц.. БукIине бегьула гьеб цIар тIами, рагIиялдалъун гуреб, хъвай-хъвагIаялдалъунги. Гьес хъвазе бегьула лъадухъе кагъат цIар тIами баян гьабураб гьеб цIар тIамиялъул нияталда ва гь.ц.. Гьедин росас абунани, ялъуни хъванани, гьеб ккола цо нухалъ цIар тIами, ва цебехун рехсараб гIадин цо мажлисалда цо нухалъ гуронани тIамиларо цIар.

Цинги гьеб цо нухалъ цIар тIамун хадуб гьей лъади жеги батIалъарайлъун рикIкIунаро, лъабго цIар ккезегIан, ялъунани цо цIар, ялъуни кIиго цIарги тIамун хадуб гьей чIужуялъул гIиддаялъул заман инегIан гьелъул росас гьей тIадюссине гьаюн ятичIого гуронани.

**ВА ЦIАР ТIАМИЯЛЪУЛ, ЯЛЪУНИ РОС ХВАРАЙ ГIАДАМАЛЪУЛ ГIИДДАГЬ АБУЛЕБ ЖОГИ ККОЛА, ГЬЕБ ЦIАР ТIАМУН, ЯЛЪУНИ РОС ХУН ХАДУЙ ГЬЕЙ ЦОГИ РОСАСЕ ИНЕ ККАНАНИ, ГЬОРКЬОБ ИНЕ ККОЛЕБ ЗАМАН, ЯЛЪУНИ РОСАС ЦО, ЯГИ КIИГО ЦIАР ТIАМУН ХАДУБ ЖИДЕРГО ЛЪАДИ ТIАДЮССИНЕ ГЬАЙИЗЕ ИХТИЯР БУГЕБ ЗАМАН ВА ГЬЕБГИ БУГО:**

1 ТIадюссине ихтияр бугеб цIар тIамиялъулъ, лъабго хIайзалъул (менструаяциялъул) заман.

2 Ургьиб лъимер бугей гIадан йигонани, гьеб лъимер гьабизегIан.

3 Рос хварай чIужугIадан йигонани, гьелъул гIиддагь ккола 4 моцI ва 10 къо.

Росас чIужуялъул цо нухалъ цIар тIамун хадуб, гIиддаялъул заман байбихьула цIар тIамураса нахъе, ва гьеб заманги буго цебехун рехсараб гIадин чIужуялъул лъабго нухалъ хIайз бачIинегIан заман. Ва амма росас цо нухалъ цIар тIамун хадуб гьеб цIар тIамиялда рекIекълъун ватанани, гьесул ихтияр буго гьей чIужу тIадюссинайизе, гьеб гIиддаялъул заман инегIан, амма гьес гьей цо, ялъуни кIиго цIар тIамун хадуб тIадюссине гьайичIонани гьеб гIиддаялъул заманаялда, ай лъабго нухалъ хIайз чIужуялъул бачIинегIан, гьей батIалъарайлъун рикIкIуна, ва гьелдаги абула **гьитIинаб батIалъийин абун**, амма хIайз бачIунарей гIадан йигонани, жидер херлъиялдалъун, ва гь.ц., гьелъул гIиддаялъул заман ккола лъабго моцI.

**ГьитIинаб ва кIудияб цIар тIами абураб жоялъул магIнаги ккола:** гьитIинаб ятIалъи (малый развод) бугонани, гьей гьесул йикIарай лъади тIадюссине бегьула, цоги росасеги инчIого, цIидасан никахIги (магьариги) лъун, тIоцебе гьей ячунеб мехалъ лъун букIараб гIадин, ва гьединго гьеб гьитIинаб ятIалъиялда йигей гIадан ятанани, гьелъул ихтияр букIуна жидее бокьанани цоги росасе ине, жидер гIиддаялдаса хадуй (ай росас цо, яги кIиго цIарги тIамун, лъабго нухалъ хIайз бачIинегIан тIадюссине гьайичIого бараб заман), щайгурелъул гьеб лъабго хIайз инегIан гьес гьей тIадюссине гьаюн ятичIонани, гьесул ихтияр гьечIо гьеб заманалдаса хадуй гьей тIадюссине гьайизе, гьелдалъун гьеб рикIкIуна гьитIинаб ятIалъиялъун, жеги лъабго цIар ккун гьечIолъиялъ. **Амма кIудияб ятIалъи (большой развод) ккола**, лъабго нухалъ росас лъадул цIар тIами, ва гьедин росас лъадул лъабго нухалъ цIар тIамун бугонани, ва гьелдаса хадув гьев рекIекълъун, гьесие лъади жидер йикIарай лъади тIадюссине гьайизе бокьанани, гьезул ихтияр гьечIо данделъизе гьесул йикIарай лъади цоги чиясе росасеги ун, гьесги гьей батIаги гьаюн гуронани, ва гьеб цоги чиясе росасе ин букIине бегьуларо цеве вукIарав росасухе тIадюссине нияталда гьабураб пишалъун, гьелъул гIаксалда, гьей цоги чиясе росасе ун йикIине ккола жидеего бокьун, ва гьесиеги гьей ячинеги бокьун, ва гьединго чара гьечIого гьел кIияздаго гьоркьоб букIине ккола джимагI гьабиги (половое сношение), ва гьелдаса хадуб, жидеего ратIалъизе бокьун ккараб ратIалъиги, тIоцевесев росасухе тIадюссине абураб ният ракIалда гьечIого. ЦохIого цо гьелдаса хадуб гуронани гьечIо ихтияр цере рукIарал рос-лъадуе тIадруссине цIияб никахIги гьабун.

**ГЬАНЖЕ БАЯН ГЬАБИЛА ЦО НУХАЛЪ, ЯЛЪУНИ КIИГО НУХАЛЪ РОСАС ЦIАР ТIАМУРАЙ ЛЪАДИ ЖИДЕР ГIИДДАЯЛЪУЛ ЗАМАН ИНЕЛДЕ, ТIАДЮССИНЕ ГЬАЙИЗЕ ЙОКЬАНАНИ, КИН ГЬЕЙ ТIАДЮССИНЕ ГЬАЙИЗЕ ККОЛЕБАЛИ. ТIАДЮССИНЕ ГЬАЮЛА, ЯЛЪУНИ ККОЛА КIИГО КЪАГIИДАЯЛДА:**

1 Росас лъадуда рагIудалъун абула дица мун тIадюссине гьаюлей йигин абун.

2 Ялъуни, тIадюссине гьайиялъул нияталда джимагI гьабула.

Цо нухалъ, ялъуни кIиго нухалъ цIар тIамурай чIужу, гьелъул гIиддалъул заман инегIан батIалъарайлъун рикIкIунаро, гьелда бан росасе ихтияр букIунаро гьей чIужу рокъоса къватIие йитIизе, цIунизе ккола гьей чIужуялъул хIукъукъал, ва росас тIуразаризе кколел тIадал жал, ва амма гьезда гьоркьоб букIине бегьуларо джимагI, ялъуни джимагIалда сверухъ ругелщинал жал, лъади тIадюссине гьайизегIан. Ва гьединго лъади ине бегьуларо гIиддаялъул заман лъугIичIого жидерго эбел-инсул рокъое, чара гьечIеблъи ккечIого. Амма гIиддаялъул заман лъугIизегIан гьес гьей тIадюссине гьайичIонани, ялъуни лъабабилеб нухалъ цIар тIамунани, гьел цоялцоязе ккола чияр гIадамаллъун, ва гьез цадахъ яшав гьабизеги бегьуларо, ва гьелдаса хадуб гьел цадахъ гIумруялда чIанани, ялъуни джимагI кканани, гьел ккола зинаялда, гIассилъиялда ругел гIадамал.

**(Хадусеб 20-21 аб. гьурмазда)**





# АтIтIалакъ (цIар тIами)

**(Байбихьи 18-19 аб. гьурмазда)**

Цо цIар тIамуралдаса хадуб кIиабилеб цIар тIамизе, ялъуни, кIиго цIар тIамуралдаса хадуб лъабабилеб цIар тIамизе ккканани, жидерго чIужу тIадюссине гьаюн юкIине ккола гIиддалъул заман лъугIилелде, гьей тIадюссине гьайичIого кIиабилеб, ялъуни лъабабилеб цIар тIамизе бегьуларо.

ЦIар тIамулеб, ялъуни цIар тIамун хадуб тIадюссине гьаюлеб мехалъ, кIиго нугIасдалъун нугIлъи гьабизеги суннатаб буго, амма нугIзалги гьечIого росас лъадуе цIартIамун батананиги, гьеб цIар тIами ккола.

Росас жинцаго жидеего чIужу аскIой гьечIеб бакIалда цIар тIамиялъул рагIаби абунани, гьединги гьеб цIар тIами ккола.

ЦIар тIамизе ихтияр бугев чи вуго чIужуялъул рос, амма чIужуялъул ихтияр букIунаро цIар тIамизе, гьединго цоги чиясул ихтияр букIунаро гьезул цIар тIамизе, шаргIияв къадияс шаргIалъ рихьизарурал шурутIаздалъун гуронани.

Ва амма гIемераб рос-лъадуда гьоркьоб кколеб гIадин гьел барщизеги барщун росасдасан лъадуе цIарги тIамичIого, гьей чIужу цойги росасе анани, гьев кIиабилеб росас лъураб магьариги кьучI гьечIеблъун рикIкIуна, ва гьелги зинаялда ругел гIадамал рикIкIуна, ва гьезие лъимал гьарунани, гьел зинаялдасан гьарурал лъималги ккола. ХIатта жинда гьоркьоб зина ккарал бихьинчиясеги ва чIужугIаданалъеги, гьеб зинаялдаса хадуб ихтияр букIунаро данделъун магьари лъезе, кIиго шартI тIубачIого:

**ТIоцебесеб шартI:** кIиялго жинда гьоркьоб зина ккарал гIадамаз хIакъикъияб тавбу гьабизе ккола, гьеб зинаялдисан,

**КIиабилеб шартI:** нагагь гьеб зинаялдалъун гьей гьесие, гьезул ккараб зинаялдаса хадуб ячине йокьарай гIаданалъе ургьиб лъимер кьун батани, гьеб лъимер гьабизегIан, гьезул магьари лъезе бегьуларо, ва гьеб зинаялдалъун гьабураб лъимерги, зинаялдасан ккараб (незаконнорожденный) лъимер ккола, ва гьеб лъимазул ихтияргги эбелалъухъе кьола, инсухъе кьоларо, ва гьеб лъимаздаги абула пуланалъул вас абун, абизе бегьуларо пуланасул вас абун, щайгурелъул гьев, гьел лъималазул шаргIияв эменлъун рикIкIунаро, къадарияв эменлъун гуронани, ва гьединал лъималазе фамилияги эбелалъул кьезе ккола, инсул кьезе бегьуларо, ва гьединав инсул ирсги гьел лъималазе щоларо. Яс росасе кьезе кканиги, гьев инсул ихтияр букIунаро гьес гьей яс росасе кьезе, ялъуни гьесул гIагарлъиялъулги букIунаро ихтияр, ва гьединай яс росасе кьола имамас. Ва амма, зинаялдаса хадуб, ургьиб лъимер кьун батичIонани, гьей зинаялдаса хадуй ячине йокьарай гIадамалъул, цо нухалъ хIайз баккинегIан чIезе ккола, гьезие магьари лъезе ккани. Гьаб кIиябго шартI чара гьечIого тIубазе ккола, жинда гьоркьоб зинаги ккун, хадур жал данделъун магьари лъезе бокьарал гIадамаз.

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Гьаб макъалаялда дица баян гьабуна шаргIалда рекъон кин цIар тIамизе кколебали. Гьанже бачIине бегьула суал: шаргIалде данде ккколареб къагIидаялъ цIар тIамунани, масала, лъабго цIар тIатIалаго цо маджлисалда, ялъуни хIайзалда йигеб заманаялда, цIар ккколищ абун. Гьедин тIамураб цIаралда бидгIияб цIар тIами абула, ва амма бидгIияб, бегьулареб къагIидаялда, цо маджлисалда, тIатIалаго, ялъуни, хIайзалда йигеб мехалъ цIар тIамунани, гIемерисел гIалимзабазул пикруялда рекъон, ва ункъабго мазгьабалдаги рекъон: **ай имам абу ХIанифал, имам Маликил, имам ШафигIиясул ва имам АхIмадил мазгьабазда рекъон** гьеб цIар ккола, ва гьел батIалъараллъун рикIкIуна. Цо-цо мазгьабазда рекъон гьеб цо маджлисалда лъабго нухалда тIатIалаго тIамураб цIар цо цIарлъун рикIкIунеб къагIидаги буго, гьединго чIужу хIайзалда, ялъуни нифасалъул заманалда тIамураб цIар рикIкIунарел мазгьабалги руго. Гьединал хилаф бугел суалал хIукму гьабизе, руссинаризе ккола жидер росулъ вугев имамасухъе, ялъуни гьеб росулъан гIалимчиясухъе – муфтиясухъе, жодор гьелъие хIукму гьабизе бажари – даражалде вахъарав, ва гьес гьабила хIукму лъабго нухалъ цо маджлисалда тIатIалаго тIамураб цIар цо цIарлъун рикIкIинищ, ялъуни лъабго цIарлъун рикIкIинищ абун, гьеб цIар тIамиялъул кин-щиб хIисабсуалги гьабун, ва гьединго гьев гIалимчияс хIукму гьабила хIайз – нифасалда йигеб мехалъ тIамураб цIар рикIкIинищ, рикIкIинарищ абун, ва гьеб жаваб кьурав гIалимчи-муфтиясул хIукму гьабиялда рекъон букIина гьел рос-лъадул масъала.

**ЦЦИН БАХЪАРАБ МЕХАЛЪ ТIАМУРАБ ЦIАР ККОЛИЩ, ЯГИ ККОЛАРИЩ АБУНАНИ, ГЬЕБ ЦЦИН БАХЪИЯЛЪУЛ ЛЪАБГО-УНКЪО БАТIИЯБ КЪАГIИДА БУГО:**

1 ЦIакъго-цIакъ кутакалда, жинца щиб абулеб бугебали лъалареб къагIидаялъ бахъараб ццин. Гьединаб къагIидаялъ тIамураб цIар,цIар ккоkларо.

2 ЦIакъго бахъараб ццим, ва амма жинца абулеб жо жинда лъалеб-бичIчIулеб, ва жив кодов восизе яхI бахъанани бажарулеб къагIида, ва гьединаб къагIидаялъ тIамураб цIар гIемерисел гIалимзабаз цIар кколеблъун рикIкIуна, амма цойги тайпа гIалимзабаз кколаринги абула.

3 Гьоркьохъеб къагIидаялъ бахъараб ццим. Гьединаб къагIидалъ тIамураб цIар,цIар ккола.

4 Дагьа-макъаб къагIидаялъ бахъараб ццим, ва гьединаб цIарги киналго гIалимзабазул пикруялда рекъон, цIар тIами ккола.

**Мехтарав чияс мехтелалда вукIунго тIамураб цIар рикIкIунищ абунани,** гьенибги буго

гIалимзабазул кIиго рагIи: цIар кколин ва кколарин абураб, ва амма гIемерисел гIалимзабаз гьеб цIар кколеблъун рикIкIуна.

**Хириял диналъул вацал ва яцал!**

Гьаб тIалакъалъул (цIар тIамиялъул) суал буго кIудияб суал. Гьалъул рукIуна гIемерал къагIидаби, хванани тIубараб тIехь хъвазе ккола, амма дица гьаб макъалаялда гIемераб жо хъвазе ресги-бакIги букIунарелъул, цIакъго-цIакъ къокъ гьабун, аслиял, гIемерисел кколел, данд-чIвалел масъалаби, къагIидаби тIаса рищун баян гьабизе яхI бахъана, ва дир мурадги букIана, жакъа гIемерисел гIадамаз гьеб жоялда аскIоб тасамахIлъи гьабулеб бихьун цIар тIамиялъулъги, ва тIадруссине гьариялъулъги, хIатта гIемераб рагIана, жидеца цIарги тIамун, жинцаго жидеего фатваги кьун, нахъойги цадахъ гIумру-яшав гьабулелги гIадамал, ва гьединго гьез абулеб рагIана жинца махсаро гьабун тIамун букIанин цIар абун, ва жидер гьеб цIар тIамизе ниятги гьечIого абун. Ва гьединал гIадамазда бичIчIизе ккола диналда, ва гьелъул ахIкамазда жаниб махсаро букIине бегьулареблъи, ва гьеб махсароги хIакъикъияблъун рикIкIин, ва бичIчIизе ккола махсароялдалъун цIар тIамунаниги, ниятги гьечIого, гьеб хIакъикъияб цIар тIами кколеблъи, ва гьениб махсаро гьаби гIузру кколаро цIар тIамиялда аскIоб. Гьеб буго цIакъго-цIакъ жидерго гIумруялъе хIинкъараб, Аллагьасда цебе бугеб кIудияб гIассилъи, ва хадуб бусурбанаб муджтамагIалъе (обществоялъе) бугеб балагь. Жегиги гъваридго гьаб суал лъазе бокьарас, телефоналъ ахIунги, цIехонги лъазе гьабила, ва аслияб мурад, баян гьаб макъалаялдалъунги бичIчIила, ва гIадахъ босила жидерго гIакълу бугев, Аллагьасдасан жив хIинкъулев, сахаватав инсанас.

**ТIадегIанав Аллагьас дагь гьабейги нилъер джамагIаталда гьоркьоб тIалакъ (цIар тIами) ккей, ва киназего кьейги гьуинаб, талихIаб, иманияб, баракат бугеб, сахаватаб гIумру ва баракат бугеб, киназего пайдаяб наслуги.**

**БичIчIичIеб, баян лъазе бокьараб, тIалакъалъул хIакъалъулъ букIа,ялъуни никахIалъул букIа ялъуни цоги бокьараб шаргIияб масъалалъул суал бугез ахIизе бегьула дихъе гьаб дир номералда, чIухIичIого ва не-чечIого: 89883098703.**

Ва авалалдаги ва ахиралдаги рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго ва салатги ва саламги гьесул авагасе ва расуласе буго, ва гьев расуласул алалдеги ва асхIабзабаздеги буго.

Вассаляму гIалайкум ва рахIматуЛлагьи ва баракатугь,

*Нужер диналъул вац,*
*ТIадегIанав Аллагьасдехун факъир,*
*ГIисакъил вас ГIабдуллагь ХIажи Ассугъури.*

Календарь по хиджре

| 2010 По григорианскому март | 1432 По хиджре Рабиг1 уль ахир | Год Месяц День недели |
|---|---|---|
| 6 | 1 | Воскресенье |
| 7 | 2 | Понедельник |
| 8 | 3 | Вторник |
| 9 | 4 | Среда |
| 10 | 5 | Четверг |
| 11 | 6 | Пятница |
| 12 | 7 | Суббота |
| 13 | 8 | Воскресенье |
| 14 | 9 | Понедельник |
| 15 | 10 | Вторник |
| 16 | 11 | Среда |
| 17 | 12 | Четверг |
| 18 | 13 | Пятница |
| 19 | 14 | Суббота |
| 20 | 15 | Воскресенье |
| 21 | 16 | Понедельник |
| 22 | 17 | Вторник |
| 23 | 18 | Среда |
| 24 | 19 | Четверг |
| 25 | 20 | Пятница |
| 26 | 21 | Суббота |
| 27 | 22 | Воскресенье |
| 28 | 23 | Понедельник |
| 29 | 24 | Вторник |
| 30 | 25 | Среда |
| 31 | 26 | Четверг |
| апрель | РабигI уль ахир | |
| 1 | 27 | Пятница |
| 2 | 28 | Суббота |
| 3 | 29 | Воскресенье |
| 4 | 30 | Понедельник |





## ГІандаллъиялъе рузнама (март моцІ)

| къо | рогьла | бакъ бакки | къаде | бакъа-ниде | маркІа-чІуде | бого-лиде | къоялъул халалъи | сардил бащалъи | сардил ахир.1/3 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 5:10 | 6:27 | 12:05 | 3:12 | 5:46 | 7:00 | 12:36 | 11:28 | 1:23 |
| 2 | 5:08 | 6:25 | 12:05 | 3:13 | 5:47 | 7:01 | 12:39 | 11:27 | 1:22 |
| 3 | 5:07 | 6:23 | 12:04 | 3:14 | 5:48 | 7:02 | 12:41 | 11:27 | 1:21 |
| 4 | 5:05 | 6:22 | 12:04 | 3:14 | 5:49 | 7:03 | 12:44 | 11:27 | 1:20 |
| 5 | 5:03 | 6:20 | 12:04 | 3:15 | 5:51 | 7:05 | 12:48 | 11:27 | 1:19 |
| 6 | 5:02 | 6:18 | 12:04 | 3:16 | 5:52 | 7:06 | 12:50 | 11:27 | 1:18 |
| 7 | 5:00 | 6:17 | 12:04 | 3:16 | 5:53 | 7:07 | 12:53 | 11:26 | 1:17 |
| 8 | 4:58 | 6:15 | 12:03 | 3:17 | 5:54 | 7:08 | 12:56 | 11:26 | 1:16 |
| 9 | 4:57 | 6:13 | 12:03 | 3:18 | 5:55 | 7:09 | 12:58 | 11:26 | 1:16 |
| 10 | 4:55 | 6:12 | 12:03 | 3:19 | 5:56 | 7:11 | 13:01 | 11:25 | 1:15 |
| 11 | 4:53 | 6:10 | 12:03 | 3:20 | 5:58 | 7:12 | 13:04 | 11:25 | 1:14 |
| 12 | 4:52 | 6:08 | 12:02 | 3:20 | 5:59 | 7:13 | 13:07 | 11:25 | 1:14 |
| 13 | 4:50 | 6:07 | 12:02 | 3:21 | 6:00 | 7:14 | 13:10 | 11:25 | 1:13 |
| 14 | 4:48 | 6:05 | 12:02 | 3:22 | 6:01 | 7:15 | 13:13 | 11:24 | 1:12 |
| 15 | 4:46 | 6:03 | 12:01 | 3:22 | 6:02 | 7:17 | 13:16 | 11:24 | 1:12 |
| 16 | 4:44 | 6:02 | 12:01 | 3:23 | 6:03 | 7:18 | 13:19 | 11:24 | 1:11 |
| 17 | 4:43 | 6:00 | 12:01 | 3:23 | 6:05 | 7:19 | 13:22 | 11:23 | 1:10 |
| 18 | 4:41 | 5:58 | 12:01 | 3:24 | 6:06 | 7:20 | 13:25 | 11:23 | 1:09 |
| 19 | 4:39 | 5:56 | 12:00 | 3:25 | 6:07 | 7:21 | 13:28 | 11:23 | 1:08 |
| 20 | 4:37 | 5:55 | 12:00 | 3:25 | 6:08 | 7:23 | 13:31 | 11:22 | 1:07 |
| 21 | 4:35 | 5:53 | 12:00 | 3:26 | 6:09 | 7:24 | 13:34 | 11:22 | 1:06 |
| 22 | 4:34 | 5:52 | 12:00 | 3:26 | 6:10 | 7:25 | 13:36 | 11:22 | 1:05 |
| 23 | 4:32 | 5:50 | 11:59 | 3:27 | 6:11 | 7:26 | 13:39 | 11:21 | 1:04 |
| 24 | 4:30 | 5:48 | 11:59 | 3:27 | 6:12 | 7:28 | 13:42 | 11:21 | 1:03 |
| 25 | 4:28 | 5:46 | 11:59 | 3:28 | 6:14 | 7:29 | 13:46 | 11:21 | 1:03 |
| 26 | 4:26 | 5:44 | 11:58 | 3:29 | 6:15 | 7:30 | 13:49 | 11:20 | 1:02 |
|  | 4:24 | 5:43 | 11:58 | 3:29 | 6:16 | 7:31 | 13:52 | 11:20 | 1:01 |
| 28 | 4:22 | 5:41 | 11:58 | 3:30 | 6:17 | 7:32 | 13:55 | 11:19 | 1:00 |
| 29 | 4:20 | 5:39 | 11:57 | 3:30 | 6:18 | 7:34 | 13:58 | 11:19 | 12:59 |
| 30 | 4:19 | 5:37 | 11:57 | 3:31 | 6:19 | 7:35 | 14:00 | 11:19 | 12:58 |
| 31 | 4:17 | 5:36 | 11:57 | 3:31 | 6:20 | 7:37 | 14:03 | 11:18 | 12:58 |

## Рузнама для Махачкалы (март)

| дни | утренний | восход солнца | обеден. | после-обед. | вечерн. | ночной | долгота дня | полночь | последн. 1/3 ночи |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 5:09 | 6:27 | 12:04 | 3:10 | 5:40 | 6:59 | 12:38 | 11:25 | 1:25 |
| 2 | 5:07 | 6:25 | 12:03 | 3:10 | 5:42 | 7:00 | 12:41 | 11:24 | 1:24 |
| 3 | 5:05 | 6:23 | 12:03 | 3:11 | 5:43 | 7:01 | 12:43 | 11:24 | 1:23 |
| 4 | 5:04 | 6:22 | 12:03 | 3:12 | 5:44 | 7:02 | 12:46 | 11:24 | 1:22 |
| 5 | 5:02 | 6:20 | 12:03 | 3:13 | 5:45 | 7:04 | 12:50 | 11:24 | 1:21 |
| 6 | 5:00 | 6:18 | 12:03 | 3:14 | 5:47 | 7:05 | 12:52 | 11:24 | 1:20 |
| 7 | 4:59 | 6:16 | 12:02 | 3:14 | 5:48 | 7:06 | 12:55 | 11:23 | 1:19 |
| 8 | 4:57 | 6:15 | 12:02 | 3:15 | 5:49 | 7:07 | 12:58 | 11:23 | 1:18 |
| 9 | 4:55 | 6:13 | 12:02 | 3:16 | 5:50 | 7:08 | 13:00 | 11:23 | 1:18 |
| 10 | 4:55 | 6:13 | 12:02 | 3:16 | 5:50 | 7:08 | 13:03 | 11:23 | 1:17 |
| 11 | 4:52 | 6:10 | 12:01 | 3:17 | 5:53 | 7:11 | 13:06 | 11:22 | 1:16 |
| 12 | 4:50 | 6:08 | 12:01 | 3:18 | 5:54 | 7:12 | 13:09 | 11:22 | 1:16 |
| 13 | 4:48 | 6:06 | 12:01 | 3:19 | 5:55 | 7:13 | 13:12 | 11:22 | 1:15 |
| 14 | 4:46 | 6:04 | 12:01 | 3:19 | 5:56 | 7:15 | 13:15 | 11:21 | 1:14 |
| 15 | 4:45 | 6:03 | 12:00 | 3:20 | 5:58 | 7:16 | 13:18 | 11:21 | 1:14 |
| 16 | 4:43 | 6:01 | 12:00 | 3:21 | 5:59 | 7:17 | 13:21 | 11:21 | 1:13 |
| 17 | 4:41 | 5:59 | 12:00 | 3:22 | 6:00 | 7:18 | 13:24 | 11:20 | 1:12 |
| 18 | 4:39 | 5:57 | 11:59 | 3:22 | 6:01 | 7:20 | 13:27 | 11:20 | 1:11 |
| 19 | 4:37 | 5:56 | 11:59 | 3:23 | 6:02 | 7:21 | 13:30 | 11:20 | 1:10 |
| 20 | 4:35 | 5:54 | 11:59 | 3:23 | 6:03 | 7:22 | 13:33 | 11:19 | 1:09 |
| 21 | 4:33 | 5:52 | 11:58 | 3:24 | 6:05 | 7:24 | 13:36 | 11:19 | 1:08 |
| 22 | 4:32 | 5:50 | 11:58 | 3:25 | 6:06 | 7:25 | 13:38 | 11:19 | 1:07 |
| 23 | 4:30 | 5:49 | 11:58 | 3:25 | 6:07 | 7:26 | 13:41 | 11:18 | 1:06 |
| 24 | 4:28 | 5:47 | 11:58 | 3:26 | 6:08 | 7:27 | 13:44 | 11:18 | 1:05 |
| 25 | 4:26 | 5:45 | 11:57 | 3:26 | 6:09 | 7:29 | 13:48 | 11:18 | 1:05 |
| 26 | 4:24 | 5:43 | 11:57 | 3:27 | 6:11 | 7:30 | 13:51 | 11:17 | 1:04 |
| 27 | 4:22 | 5:41 | 11:57 | 3:28 | 6:12 | 7:31 | 13:54 | 11:17 | 1:03 |
| 28 | 4:20 | 5:40 | 11:56 | 3:28 | 6:13 | 7:33 | 13:57 | 11:16 | 1:02 |
| 29 | 5:18 | 6:38 | 12:56 | 4:29 | 7 :14 | 8:34 | 14:00 | 11:16 | 1:01 |
| 30 | 5:16 | 6:36 | 12:56 | 4:29 | 7:15 | 8:35 | 14:02 | 11:16 | 1:00 |
| 31 | 5:14 | 6:34 | 12:55 | 4:30 | 7:16 | 8:37 | 14:05 | 11:15 | 1:00 |

## ЦО-ЦО ПИКРАБИ

КІудияб къаркъала. Кепка. ГІанса. Гъуждузде рехараб купайка, галипе тІажу, калушал. Къанщараб бер. Сабураб, гІодове виччараб рилълъин, дагьаб гІебса рехун тІамулеб гали. Гап гІемерав, пасихІлъи цІикІкІарав, бицен-киценазулъ хутІарав. Росдаего гІагарав «ГІагарчи» **ГІарчІам МуцагІали**.

* * *

Керчал кьунсрул, керчал михъал. КъапІараб, чІвархьараб, хІалакъаб черх. Тамахаб, чІваркьараб рилълъин. Тамахаб, гъваридаб, пасихІаб калам. Тамахал, махщалил кверал. ГІамал гьитІинав, хІал рекъарав. ГІадатияв. Гьунар тІадегІанав, махщел цІикІкІарав. ХІеренав. Киназего цо вугев, киназдехун цо вугев. Къадруяв тохтур. ГІумру гІадамал сах гьарун арав, сахлъи-сабаб гьечІеб унтуца живго гІодов лъурав. **МахІатІилов Мажид.**

* * *

ЛъикІаланго хІуляраб рас. батІабахъизе лъалеб гьими ва релъи, цере тІамулел «меседил» цаби. Борхатаб черх, гьанкІараб рилълъин, гьетІун босулеб бох. КигІан цІазе кІоларогоги течІеб хъалиян. Техника хирияв, макьилъги гьеб бихьулев устар. Лъугьа-бахъинал кидаго камичІев. Щулияб сахлъиялъ хІалхьиялда течІев, захІматаб унтуца бизар гьавурав. ГІебеде ритІун халатал квералгун свак лъаларого кьурдулев. Нижер кьирцояв, нижер классцояв **АхІмадов (КІогьос) ХІажимухІамад.**

* * *

Гъаракул тІагъур, рачелги бан ретІараб палаш. Кьокъаб, хІалакъаб черх. Сундулъго хехав, рихицарав, хІалуцарав. КІалъазе бокьулев, кІалъазе лъалев. ХІалбихьи бугев ратІлил устар. ХІалхьи лъаларев рагІул устар **ШагІмаля ГІабдулбасир.**

* * *

Берталъги гьав, чи хвараб бакІалдаги гьав, гьоркьов чи течІого чи ватІавахъичІого. Сундухъго балагьичІого бухІулеб хъалиян, гІорхъи гьечІого гьабулеб махсара-хочІ. Тира-свериял гІемерав, лъугьа-бахъинал кидаго лъугІичІев. Аваданлъиги ччун вахъун лъарав, къварилъиги гІезегІан бихьарав **Къандасо МухІамад (Къандас).**

*ГІабаш*

# МахIатIиласул тарбия

Сугъралъ школалде щвараб мехалъ, МахIатIиловасул тарбия кьеялъул дие бицараб цо гьитIинаб лъугьабахъин ракIалдаса унаро.

Школалъул азбаралде вахъарав директорасда вихьула школалъул минаялда нахъе хьвадулев 10 классалъул цIалдохъан. Гьениб нахъа щиб хIажатдай гьасул бугоян валагьарав чиясда цIалдохъан вихьула къадал кьучI «лъалъалев». Гьесул «гьунаралдаса» нечарав директор, живго тIатине гьавичIого, жиндирго кабинеталде тIадвуссуна ва тIоцебесеб классалъул цIалдохъанги дов анцIабилев классалъулавги жиндихъе ахIизе чи витIула. РачIун кIиялго гьесда цере эхетула. МахIатIилас гьитIичасда гьикъула:

- Дуда, гьитIинав вац, хIажатхана бугеб бакI лъалищ?

- Лъала, директор.

- Лъалеб батани, бахIарчи, гьасда гьеб бугеб бакI бихьизабизе а, - ян витIула гьев.

ГIолохъанчи багIарлъун вахъун гIодов къулула.

*АхIмад ХIАМЗАТОВ*

# Бокьани тIасан, бокьани аскIосан бачина

Шагьаралда гIумру гьабулев ва кивниги хIалтIулевги гьечIев Сайгидица гьоркьоб жо бала росулъа шагьаралде гьоболлъухъ вачIарав МухIамадилгун. Дица машина бачунаго щиб нарушение гьабунаниги дие ГАИшникаца расниги тамихI гьабуларилан.

КIиявго машинаялда унаго вихьула цо ГАИшник эхетун. Сайгидица ургъунго бачине бегьулареб мухъда тIасан бачуна машина. ГАИшникас гьиштIизеги гьиштIун гьав чIезавула. Ва абула: гьалмагъ шофер, щай дуца нарушение гьабураб, – абун. - Кинаб нарушение жидеца гьабураб, - илан гьикъула Сайгидица. Милиционерас абула: Гъоб бегьулареб мухъда тIасан бачана дуца машина.

Цинги Сайгидица жаваб гьабула: - Дуда лъалищила гьагъаб мухъ цIарав чи дун вукIин, дица бокьани тIасан бачина, бокьани аскIосан бачина машина, - ян.

Сайгидил жавабалъ савиллъарав ГАИшникас гьасухъе документалги кьун нух битIагиян абула.

ТамихI гьабичIони, къаси ресторанalде кваназе вачизе букIараб къотIи МухIамадицаги тIубазабула.

# Вугелъувго хутIула агитатор



Доб СССРалъул заманалда рищиял гьарулаан коммунист партиялъул «цIодораб» ва «бегIераб» бербалагьиялда гъоркь. Рищиязул къоги тIаде щолеб букIун, Сугъралъ гIадамазда гьоркьоб рищиязда сверун агитациялъулаб хIалтIи кин щиб гьабулеб бугищали бихьизе вачIун вукIуна районалдаса цо политагитаторги.

Радал жидерго хIамаги бачун мархьухъе уней ПатIиматида, росу рагIалда, дандеккола къвалакь таптарги ккурав, чIухIа-къан ретIелги реетIарав цо чи. АскIовеги вачIун гьас ПатIиматида гьикъула: «Дуда рищиял кида ругел ва щал рищулел ругищали лъалищан?

Рищиязул хабарго рагIичIей, жидерго хурхералъулги, колхозалъул хIалтIулги ургъалида йигей ПатIиматица гьасие жаваб кьола: - Гьебги лъаларев мун хIалтIудагIаги киндай тун вугев дур хIакимзабаз? - ан.

Гьелда абизе жоги лъачIого кIалдибго цIорон мацIгун вугелъувго хутIула агитатор.

ХIа, – ян хIамаги ахIун ПатIиматги уна жидерго нухда.

*ГI. МАХIАДОВ*



# Весенние мероприятия



К концу зимовки пчелы постепенно выходят из состояния зимнего клуба, покидают пустые ячейки сотов, освобождая их середину для будущего расплода. Эти свободные ячейки они тщательно чистят, полируют до блеска и только после этого матка откладывает в них яйца. В первые дни матка откладывает всего 20—30 яиц в сутки, притом в самом теплом месте гнезда. Вокруг матки создаётся свита из нескольких пчел, готовых чистить и ухаживать за ней, настойчиво кормят её маточным молочком. Матка переходит с одного сота на другой и число откладываемых ею яиц возрастает. Таким образом, расплодная зона гнезда постепенно увеличивается. С появлением яиц и личинок, пчелы повышают температуру в гнезде до 35˚С тепла и поддерживают ее на этом уровне независимо от наружной температуры воздуха. Только при этих условиях идёт нормальный рост и развитие личинок. Для развития личинок требуется личиночный корм, состоящий из мёда, перги и воды, а в первые дни жизни и маточное молочко. При кормлении личинок сами пчёлы тоже питаются мёдом и пергой. Такое питание способствует образованию у пчёл молочка, необходимое для кормления молодых личинок и матки.

Уже к весне у пчёл начинает переполняться кишечник и с появлением теплых дней пчёлы вылетают на очистительный облёт. Во время облета пчелы очищают кишечник, ведь в зимние месяцы им не всегда удаётся освобождать его от непереваримых остатков. При сырости в гнезде, питании недоброкачественным медом, при постоянных беспокойствах, кишечник пчёл не может выдержать каловую нагрузку. Особенно много помёта бывает у пчел, когда зимой они вынуждены поедать корма больше, чем нужно. Тогда у них раньше времени переполняется и так перегруженный кишечник. В переполненном кишечнике пчёл может развиваться микрофлора, и они могут опонашиваться внутри гнезда. Чтобы исключить усиленное питание пчёл и перегрузку кишечника, подкормку лучше начинать после их очистительного облёта. Но иногда случается так, что с осени пчеловод по каким либо причинам не подготовил своих пчёл к зимовке и не уверен в достаточности зимнего запаса кормов. В таких случаях, конечно, необходимо кормить пчёл не дожидаясь их очистительного облёта, иначе пчелы погибнут от голода. Жидкую подкормку в это время пчёлам давать не рекомендуется, так как они берут её неохотно, во вторых - раздача сиропа может спровоцировать вылет пчёл из улья в холодную погоду. Самым оптимальным вариантом является подкормка сахарно-медовой смесью – канди. Лепёшки из канди, весом 300-400г заворачивают в марлю или помещают в разовый полиэтиленовый мешочек, снизу проделывают несколько проколов и ложат под холстик на рамки. На рамки гнезда можно также положить плашмя сот с медом. Для этого запечатанный мёд нужно частично распечатать. В горах, как мы знаем, пчёлы часто совершают облёты во время зимы. Поэтому, у пчёл, зимующих в горных условиях, переполнения кишечника не наблюдается. То, что описано выше, рекомендуется пчеловодам, чьи пасеки расположены в менее благоприятных условиях, особенно в прибрежной зоне, где наблюдается ненастная погода и повышенная сырость.

С началом облёта пчёлы становятся бодрыми, подвижными, активно ведут себя в гнезде. Теперь с уверенностью можно кормить пчёл. Пчёлы хорошо развиваются при добавлении в канди цветочной пыльцы. При отсутствии пыльцы рекомендуется добавлять пергу. Для этого перго-

# на пасеке

вые соты (из запаса) разрезают на полоски и пропускают через мясорубку. Полученный «фарш» тщательно перемешивают с канди и раздают пчёлам. Только необходимо убедиться, что перговые соты не поражены грибком (спровоцирует поражение гнезда аскосферозом и аспергиллезом). Немаловажное значение имеет отсутствие гнильцовых заболеваний пчелосемьи, откуда были изъяты перговые соты.

С наступлением тёплых дней пчёлам дают жидкие подкормки. При наличии в гнезде расплода расход корма резко увеличивается. Определить наличие расплода можно на ощупь рукой под подушкой. Если чувствуется тепло, выделяемое из гнезда, значит, пчёлы выращивают расплод. Для поддержания развития пчелиных семей дают побудительную подкормку. В заранее подготовленные чистые кормушки наливают тёплый сахарный сироп в концентрации 1:1. Обычно жидкую подкормку в первые дни раздают небольшими порциями (100-150 г) с тем, чтобы пчёлы привыкли к сиропу. Большие порции пчелы не успеют выбрать, оставшийся сироп остынет и может закисать. При наступлении холодной погоды или в любой слишком прохладный для вылета пчел день, жидкую подкормку пчелам давать нельзя. Поступление сиропа в гнездо заставит пчел вылететь на холод. При острой необходимости подкормить пчёл в холодную погоду, сироп следует раздавать в вечернее время, с тем, чтобы пчёлы выбрали его за ночь. Раздача сиропа в потолочных кормушках улучшает его потребление пчёлами.

Известно, что ранней весной добиться максимальной яйценоскости матки невозможно. Но если вместо сахарного сиропа давать медовую сыту (мёд, разбавленный водой) в соотношении 0,5:1 перемешанную с цветочной пыльцой, то пчелосемьи развиваются очень хорошо, особенно слабые. Перед разбавлением пыльцы, её необходимо размочить в посуде с тёплой водой, тщательно растирать и оставить на сутки для разбухания пыльцевых зёрнышек. Перед раздачей медовой сыты пчёлам, к ней добавляют полученную кашицу из цветочной пыльцы. На 2 литра медовой сыты добавляют примерно пол стакана кашицы.

Много сил и времени приходится затратить пчелам, чтобы вынести из улья мусор и погибших за зиму пчел. Пчелам нужно помочь. Чтобы чистить от сора улей с прибитым дном, необходимо вынуть несколько рамок и временно поместить их в переносный ящик. Потом стамеской очищают свободную часть пола, передвигают рамки и чистят остальную часть. После удаления сора и подмора рамки из ящика возвращают на место. Проводить такую процедуру можно, при температуре наружного воздуха не ниже 15-16 С. При наличии запасных ульев желательно пчелосемьи пересадить в них, а освободившиеся, после дезинфекции огнём паяльной лампы используются для пересадки других семей. Если на своей или соседних пасеках раньше наблюдались вспышки американского гнильца, то ульи следует орошать раствором перекиси водорода (5%). Для усиления активности перекиси, к ней добавляют несколько капель уксусной кислоты. Во время первой весенней пасечной ревизии уточняют количество корма, наличие матки, силу семьи. При отсутствии матки,пчёл объединяют со слабой семьёй, у которой есть матка и потом, при первой же возможности, её меняют. Если у семьи запас меда небольшой, его нужно пополнить медовыми сотами. Чтобы создать лучшие условия для жизни пчел в ранневесеннее время, когда погода еще неустойчивая и наблюдаются возвратные похолодания, из гнезда удаляют лишние рамки (особенно светлые, маломёдные и с трутневыми ячейками) и сбоку устанавливают утепленную перегородку. Хотя пчелы весной держатся в гнезде плотной массой, в которой им легче сохранять оптимальную температуру необходимую для расплода, нелишним будет дополнительное утепление улья с наружной стороны.

Много времени отнимают у пчеловода слабые семьи. У пчёл слабой семьи, из-за недостаточных запасных веществ в их теле, продолжительность жизни укорачивается. Они обычно погибают зимой или ранней весной. Перезимовавшие слабые семьи не могут выкармливать расплод и поддержать температуру в гнезде. Весной плохо развиваются семьи ослабленные, потерявшие много пчел в зимовке. Они требуют более тщательного присмотра и ухода, чем хорошие семьи. На них могут напасть пчелы-воровки. Таким семьям приходится давать по рамке зрелого запечатанного расплода из чужого гнезда, который подкрепит их и усилит. Их жизнь и поведение целиком зависят от условий, которые складываются в природе.

*Варис ЧУРАЕВ*

ПРОФЕССИОНАЛЬНАЯ ФОТОСЪЕМКА
СВАДЬБЫ
ПОМОЛВКИ
ДНИ РОЖДЕНЬЯ


Тел.: 8 928 969-62-38
Эльдар Вагабов

# Полиомиелит



**Полиомиелит** - очень серьёзное, острое вирусное инфекционное заболевание, характеризующееся поражением определённых отделов центральной нервной системы и воспалительными процессами в желудочно-кишечном тракте.

**Источником** - полиомиелита являются больной человек и носитель. Причём носитель более опасен для окружающих, поскольку обладает такой же заразностью, но не имеет клинических признаков. Не зная о своей болезни, такой человек находится в коллективе, сея вокруг себя мириады возбудителей. В связи с высокой заразностью, инфекция быстро распространяется, но подозрение, что началась вспышка полиомиелита, возникает, когда развивается первый случай паралича.

**Основной путь передачи** - воздушно-капельный, т.е. микроб может попасть к здоровому человеку при разговоре, кашле или чихании. Естественно, возбудитель полиомиелита может передаваться и через поцелуи.

**Ведущий механизм заражения** - фекально-оральный, т.е. через плохо вымытые продукты питания. Кроме того, пища может быть загрязнена и насекомыми-переносчиками, большей частью мухами. Именно по этой причине заболевание характеризуется выраженной летне-осенней сезонностью, поскольку лето и осень - это время потребления свежих овощей и фруктов, а также период максимального распространения мух.

Хотя полиомиелитом могут заболеть и дети, и взрослые, заболевание всё же считается детской патологией. Дело в том, что основной контингент заболевших представляют дети до шести лет. К тому же дети болеют значительно тяжелее взрослых.

**Как же возникает заболевание?**

При пероральном (через рот) заражении возбудитель локализуется в лимфоидных фолликулах кишечной стенки, а при воздушно-капельном в области миндалин. Эти анатомические структуры являются входными воротами для инфекции, через которые вирус попадает в кровь и накапливается в тех образованиях нервной системы, которые иннервируют мышечные ткани и отвечают за двигательную активность. Эти нервные клетки через некоторое время разрушаются, и соответствующие мышцы утрачивают свои двигательные способности.

**КЛИНИЧЕСКАЯ КАРТИНА ПОЛИОМИЕЛИТА**

Заболевание начинается как обычное ОРВИ: появляется высокая температура тела, выраженные симптомы интоксикации (головная боль, рвота, слабость, сонливость, ухудшение аппетита, нарушение сна), катаральные явления (насморк, трахеит, гиперемия слизистых оболочек ротоглотки), вегетативные расстройства (потливость, снижение артериального давления, учащение пульса). Затем появляются боли в мышцах, конечностях вплоть до потери сознания, судорог, расстройства речи, тремора рук, нистагма и развития параличей.

**Инкубационный период** может длиться до трёх недель. Чаще всего заболевают полиомиелитом дети в возрасте до 7 лет. Вирус полиомиелита поражает центральную нервную систему, желудочно-кишечный тракт, лимфатическую систему.

В зависимости от симптоматики различают паралитическую и непаралитическую форму полиомиелита.

**Непаралитическая** - отмечаются воспалительные явления входных ворот инфекции: кашель, першение в горле (если возбудитель локализовался на глоточных миндалинах) либо расстройства стула (если вирус «облюбовал» фолликулы кишечника), повышенная температура, слабость, недомогание, головные боли.

**Паралитическая** - несомненно, протекает намного тяжелее и затрагивает двигательные отделы центральной нервной системы. Для этой формы заболевания характерна очаговость мышечных параличей. «Жертвой» паралича

могут стать любые мышцы, однако наиболее неблагоприятный прогноз ожидается в том случае, когда парализуются мышцы диафрагмы.

**ДИАГНОСТИКА ПОЛИОМИЕЛИТА**

Диагноз ставится на основании характерных симптомов болезни, а также, еслив окружении пациента есть зараженные или больные люди. Кроме того,проводятся лабораторные исследования носоглоточной слизи, кала и крови, а также спинномозговой жидкости на наличие вируса. Подобные исследования проводятся только в специализированных лабораториях, которых довольно много.

В связи с высокой эпидемиологической активностью, инфекция быстро распространяется, но подозрение, что началась вспышка полиомиелита, возникает, когда отмечают первый случай паралича.

Все больные с подозрением на полиомиелит подлежат немедленной госпитализации.

**ЛЕЧЕНИЕ ПОЛИОМИЕЛИТА**

Лечение проводят в условиях инфекционного стационара в течении 3-4 недель. В тяжелых случаях при параличе дыхательных мышц больным проводят искусственную вентиляцию легких. Специфического лечения полиомиелита пока еще нет.

**ПРОТИВОЭПИДЕМИЧЕСКИЕ МЕРОПРИЯТИЯ**

Больного необходимо изолировать в течении 40 дней после начала заболевания.

Если человек, бывший в контакте с больным, не прививался, проводят экстренную иммунизацию живой ослабленной вакциной против полиомиелита однократно.

Если ребенку не была проведена вакцинация вакциной против полиомиелита, его изолируют на три недели и проводят клиническое наблюдение с ежедневным измерением температуры и наблюдением врача-инфекциониста.

**ПРОФИЛАКТИКА ПОЛИОМИЕЛИТА**

**Соблюдать гигиену:** мыть руки, не есть грязные фрукты, не купаться в водоемах, вода в которых сомнительной чистоты, можно заразиться вирусом, проглотив воду из такого водоема

**Обязательная вакцинация:** вакциной против полиомиелита по определенной схеме, которая гарантирует пожизненный иммунитет. Первые три прививки по календарю вакцинации проводят в 3 месяца, затем в 4,5 месяцев и, в 6 месяцев.

Ревакцинации - в 18 месяцев, 20 месяцев и, в 14 лет.

Но, к сожалению, родители попрежнему продолжают отказываться от прививок.

**Не бойся прививок — ведь только с их помощью ты сможешь защитить своего ребенка.**

**Помните: от этого решения зависит здоровье вашего ребенка.**

*Патимат ОМОЧЕВА,*
*врач-педиатор*



**Толокнянка, толокнянка!
Кому напев тот незнаком?
А вот, поди, да распросика,
Знаком ли кто с ее цветом?
А между тем цветочек этот
Красивей ягодки самой –
Такой изящный, симпатичный,
И весь как будто восковой.
Растет она на горных кручах,
И жизнь ведет как можно проще
И оттого так хороша.**

# Сигри, Цил пихъ
## (Толокнянка)



Нилъер, Сугъулдерил ракьалда, магIарух гьеб хер дандчIвала «ТIванкъла», «ТIитIигьарагIалъул», «ПастIала» рагIаллъабазда ва цогидалги бакIазда 1900-2000 метра, ралъдадаса тIадехун.

Россиялъул ракьалда гьеб харил дандчIвала кIиго батIияб тайпа: толокнянка обыкновенная ва нилъер бакIалда магIарух бижулеб толокнянка альпийская. Дунялалда бижула 50 батIи-батIияб тайпа. Аслияб къагIидаялъ гьел дандчIвала Северияб Америкаялъул ракьалда, СШАялдагун Канадаялда. Гьезда гъорлъа лъабгояб (толокнянка невадская, колючая, войлочная) дида батана Воронежалъул, Ленинградалъул ва Москваялъул ботаникияб ахикь ва оранжереязда.

Халкъияб медицинаялъ хIалтIизабула сигридул тIоцебесеб кIиго тайпа, толокнянка обыкновенная ва альпийская. Гьеб кIиябго сигри буго цIакъ цоцада релълъараб ва специалист гурел гIадамазда гьел цоцадаса батIарахъизеги лъаларо. Гьеб кIиялъулго биохимикияб гIуцIи буго цого-цо. ТIоцебесеб дандчIвала Россиялда накIкIил рохьазда ва тайгаялда. Нилъер магIарух бижулеб тайпа дандчIвала гьединго севералда, тундраялъул зонаялдаги.

Сигри гIемерисезда хисун ккола, гьелдаго релълъараб цойги херги брусникагун. Брусника буго батIияб тайпа.

Гьанже къокъабго баян гьеб хариде толокнянка абулеб цIар бачIиналъул. Толокно абулеб рагIиялъул магIна ккола тIех. Толокнянка – тIохолаб (тIех гьабулеб). Щибха бугеб гIаммаб гьеб харидаги тIехалдаги гьоркьоб. НекIо нилъер умумузе цIакъ бокьулаан гьабизе бигьаяб, квине гьуинаб квен. Гьединазул цояблъун ккола тIехги. Гьелъул хIакъалъулъ буго гьадинаб биценги. «Скорое кушанье толокно: замеси да в рот понеси».

Россиялъул батIи-батIиял областазда тIех гьабулаан батIи-батIиял тIощалил культурабазул: ролъул, цIоросаролъул, огобалъул, гьухъил, цо-цо бакIазда нихIдалгицин. Севералда тIощалил культураби рижизе кIолареб бакIалда тIех гьабизе хIалтIизабулаан сигри. БакIарараб пихъ бакъвазеги гьабун бассуна ва гьелъул гьабулаан тIех. Гьединлъидал бачIана сигриялде тIохолаб (толокнянка) абураб цIар. Гьенибго сигриялъул гьабулаан тIех гуребги, чед бежулеб ханжуги. Севериял областазда цо гектаралдаса гьелъул бакIаризе бегьула кIиго тоннаялдасаги цIикIкIараб бачIин пихъил.

Ботаниказ ва специалистаз сигри рикIкIуна кустарниклъун. Нилъеца гьеб тола херилан.

Сигриялъ цIикIкIараб хайир кьола найихъабазеги. Наяз гьелдаса босула нектар гуребги, мерхIоги (перга). ТIегьала сигри нилъер бакIалда май моцI лъугIизегIан. ГIиссинал ругониги гьелъул тIугьдул руго цIакъ берцинал ва интересаб гIуцIиялъул.

Бокьула гьединго сигри рохьихъабазеги. Рохьоб гьеб бижулеб бакIалда цIа кколаро. Гьелъ гьукъула рохьоб цIа тIибитIизеги.

Сигриялда гIелмияб (латын) цIар буго – арктостафилос ува урси. Гьеб рагIиялъул магIна ккола севералда бижулеб цидул пихъ абураб.

Гьанже къокъабго баян сигри халкъияб медицинаялъ хIалтIизабиялъул.

Халкъияб медицинаялъ сигриялъул хIалтIизабула аслияб къагIидаялъ тIамах.

Гьелъулъ буго чамалиго батIи-батIияб дарулъи. Гьезул аслиябльун ккола арбутин абулеб вещество.

Сигри хIалтIизабула кIващимухъазул (цистит, уретрит), багIаразул (нефрит, чIимих) унтабазде, гьединго диабет ва гьуъразул туберкулёз бугони.

БагIаразул унти (нефрит) бугони гьабила гьадин: цо стол.гъуд сигриялде тIола цо стакан цIорораб лъел, бигьа гьабун гьализабила 20 минуталъ. Гьекъела къоялъ 4-5 нухалда гьитIинабго рюмкаялъул лъабил бутIа.

Гьебго унтуе гьабизе бегьула гьадинги. Бала хер цIорол цIарагIалде ва тIела тIаде гIаракъи ялъуни спирт 50˚-60˚, 20 грамм хариде 100 грамм спирталъул хIисаб гьабун. Гьекъела лъимги жубан къоялъ ункъо нухалда 15-20 капля. Спиртги тIун тезе ккола лъабго анкьалъ.

Ревматизм бугони гьабила гьаб рецепт. Бала термосалде сигри ва тIела тIаде гьализабураб бухIараб лъим цо стол.гъуд хариде цо стакан лъел хIисаб гьабун ва тела 3 сагIаталъ. Гьекъела къоялъ 4 нухалда цо-цо стакан.

Сигри хIалтIизабула гIелмияб медицинаялъги, гьединго ветеринаразги. Фармацевтикияб промышленносталъ гьелъул гьабула ***гидрохинон*** абулеб даруги.

Сигри хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо ургьиб ва каранда хахулеб лъимер бугел руччабазе ва гьединго гIиссинал лъималазеги. Гьелъул курс гьабизе ккола цо-цо анкьалъ. Такрар гьабула 40 къоялдасан.

Сигри бакIаризе лъикIаб буго хаслиде. БакIарараб хер бакъвазабила рагIдукь. Гьелъул дарулъи холаро щуго соналъ.

НекIо заманаялда гьеб хер гIемер хIалтIизабулаан цIаказул лъикIаб качествоялъул накай гьабизе, дубитель хIисабалда.

*Гьарум ГIАБДУСАЛАМОВ*

## ФОТОФАКТ





1952 сон

## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



Квешов МухIамад, БагIарсо ГIали

## БАСРИЯЛ СУРАТАЛ



Дагансо Написат ва яс Хадижат



Улаев ШапигӀ



ЧӀарадаса гӀолохъанчи, Эчилов АхӀма, Дарбишил Мирзак, ЯхӀиял АхӀма, Наибов ГӀали, Зак МахӀама

реклама

Бичулеб буго Сугъралъ ясли-ахалда гӀагарлъухъ бугеб мина. Гьединго рес буго гьеб машинаялъухъ яги бакӀал разе хӀажатаб къайи-цӀаялъухъ (стройматериалазухъ) хисизеги.

Гьеб къваригӀарав чияс Якъубов Шамилихъе гьаб телефоналъ ахӀизе бегьула: 8-928-550-67-70

КУХНИ И ШКАФЫ-КУПЕ НА ЗАКАЗ
Энхов Заур
8-903-481-18-13; 8-988-273-71-51.
Магазин на мебельном рынке по ул . Ахмедхана Султана (рядом с магазином Ильхан)
Ряд 10, Павильон 905



**МАРТ**

* * *

**БагIарсо ГIалил вас ГIумарица ячуней йиго ГIалибегов Салманил яс Альбина. Бертин буго 12 марталда васасул сагIат 14:00 зал «Санта Барбара» (район таксопарка), ясалъул сагIат 12:00 зал Финансового колледжа.**

* * *

**ЦIихIилов МухIамадил вас Ризваница ячуней йиго Нурудинов МухIамадил яс Сарат. Васасул бертин буго 19 марталда «Олимп» (бывший «Турист») залалда сагIат 14:00.**

Чураев Загьидил вас Шайихица ячуней йиго ХIусенов ГIабдулагьил (Бавтугъай) яс ГIайшат. Бертин буго 19 марталда, ясалъул Кизилюрталда «Колос» залалда сагIат 12.00., васасул «Сириус» (Новая автостанция) сагIат 14.00.

* * *

ГIалибегов ГIабдулманапил вас ХIажица ячуней йиго ЧIохъа Мурилов ГIабдулхIадил яс Аида. Васасул бертин буго 26 марталда «Рамзес» залалда сагIат 13.00.

**АПРЕЛЬ**

**ХIайисо ГIумарил (ГIабдулаев) МухIамадил вас Шамилица ячуней йиго Ашурбекова Карина. Васасул бертин буго 3 апрелалда зал «Маракеш» 15:00.**

* * *

ЯхIиял АхIмадил МухIамадил яс **Мадина** уней йиго тумазул вас ГIумарие. Ясалъул бертин буго 2 апрелалда «Маракеш» залалда сагIат 13.00.

* * *

Инусил Ильясил яс ПатIимат уней йиго Болъихъа вас ГIалие. Бертин буго 9 апрелалда «Месед» залалда (Ярагского 93 «а») сагIат 1200.

* * *

ГIуцIов Шамилил вас МухIамадица ячуней йиго ГIабдулатIипов МухIамадил ГIумарил яс Аминат. Цадахъаб бертин буго16 апрелалда, сагIат 14.00 «Эльсинор» залалда.

* * *

**МахIмудов МахIамкаримил (вышка Карим) вас СайидмухIамадица ячуней йиго ХIотIочIиса МахIамрасулил яс ПатIимат. Бертин буго васасул 23 апрелалда Финансовый колледжалъул кафеялда сагIат 14:00.**

* * *

**ЭнхIа Барянил васасул яс Рукъият уней йиго тумазул васасе. Ясалъул бертин буго «Для души» залалда 28 апрелалда сагIат 12.00.**

* * *

Дибирсо ШапигIил вас Русланица ячуней йиго Бутайизул ЯрахIмадил яс Карина. Цадахъаб бертин буго 16 апрелалда, сагIат 14.00 «Европа» залалда.

* * *

Гвергизул ХIамидил ГIабдулагьил ХIамзатица ячуней йиго ЧIохъ-Коммунаялдаса МалагIалиев Закарил яс Маржанат. Бертин буго 30 апрелалда, васасул М. ХIажиевасул цIаралда бугеб заводалъул залалда.

**МАЙ**

**ХIамзалов ГIалил вас Амирица ячуней йиго Бухтиса Мансуров МухIамадрасулил (ХIусенил МухIамадхIажиясул ПатIиматил) яс Нафисат. Бертин буго 21 маялда (суб.) васасул «Аль-Амир» залалда 15:00, ясалъул «Шунудаг» залалда (фин. техникумалда аскIоб) 12:00.**

* * *

Агъаев Улубил вас МухIамадица ячуней йиго ГIабдулкъадиров Пахрудинил (ГъазилгIалиева Ирайгьанатил) яс ПатIимат. Цадахъаб бертин буго «Аль-Амир» (шоссе Аэропорта, 13б) залалда, 28 маялда сагIат 1400.

**ИЮНЬ**

ГIимранил ГIалил яс Жамиля уней йиго Казбек районалдаса вас МухIамадие. Ясалъул бертин буго 5 июналда Аль-Амир залалда (Аэропортовское шоссе ул. Канаева 13 б) сагIат 12:30.

* * *

Эчилов Каримил МухIамадил вас МухIамадхIажияс ячуней юго Чураев Варисил яс Луиза. Бертин буго 12 июналда, васасул «Розовое фламинго» залалда сагIат 14-00, ясалъул – « Для души» залалда 12-00.

* * *

Ибрагьимов ГIабдулварисил вас Шамилица ячуней йиго НухIулов МухIамадил ГIабдулагьил яс Наида.

Цадахъаб бертин буго 26 июналда «Юнтос» залалда.

**ИЮЛЬ**

**Хазам МухIамадхIажиясул яс ШугIайнат уней йиго Хьиндаха МуртазагIалиев Шамилие. Ясалъул бертин буго 2 июлалда «Аль-Амир» залалда сагIат 12:00.**

* * *

Закилов ХIасанил яс Зугьра уней йиго БацIадаса Тимурие. Бертин буго 3 июлалда, ясалъул «Для души» залалда.

* * *

Кьихьил АхIмадил вас Султаница ячуней йиго ГIабдукамалил ГIабдулагьил яс Заира. Бертин буго 3 июлалда васасул «Кегельбан» залалда, ясалъул «Эльтав» залалда.

* * *

МухIамадов Баширил (Нажаватил) вас МухIамадица ячуней йиго Чураев АбдурахIманил яс Асият. Цадахъаб бертин буго 17 июлалда «Марракеш» залалда сагIат 14.00.

**СЕНТЯБРЬ**

ГIабдулаев Камилил вас Султаница ячуней йиго КIичев ГIабдумажидил яс Асият. Бертин буго 10 сентябралда васасул «Европа» залалда 14:00, ясалъул «Эльсинор» залалда сагIат 12:30.

* * *

Агъаев Улубил вас МахIачица ячуней йиго НурмухIамадов ХIусенил (ТIолбоева ПатIиматил) яс Загьра. Цадахъаб бертин буго «Валас» залалда 17 сентябралда сагIат 1400.

**ОКТЯБРЬ**

ГIабашилов ХIажил вас Мурадица ячуней йиго Мусаев ХIажил МухIамадил АхIмадил (ХIалакъа ГIумархIажиясул Аминатил) яс ПатIимат. Цадахъаб бертин буго 23 октябралда, «Европа» залалда, сагIат цоялда (1300).

* * *

Чураев Пирасул вас Заурица ячуней йиго НухIулов МухIамадил ХIажиюсупил яс Мадина. Цадахъаб бертин буго 26 ноябралда, «Эльтав» залалда, сагIат цоялда (1300).

**НОЯБРЬ**

**Энхов Юсупил вас Эльдарица ячуней йиго Мусалов ХIусенил яс ПатIимат. Васасул бертин буго 5 ноябралда «Уют» залалда сагIат 14:00.**

Оформление банкетных залов, машин, букеты для невест.
Тел.: 8-928-831-76-00. Фатима.

*Газеталъе подписка къабул гьабулел ва хадурккун гьел щвезарулел бакIал:*

**МахIачхъала:** МАДИ-ГТУ, ОАО «Дагнефть», «Дагэнерго», «Бетон-1», Аптека МФС, Налоговая инспекция Ленинского и Кировского районов, ул. Ушакова (Махадов О.), Роддом №2, Кафе «Асоноб», ГIабашилов Мусал стоматология, Махачкала-1 (Хабибов Али), Гастроном «Сугур», Газета «Новое дело», «Черновик» (колхозалъул мина), Магазин «Сайпудин», Домоуправление №9, Общ. Ремзавод (Энхов ХIажимурад), Муртазалиева (Хербехь) Рукъит, Салон МТС на Гамидова, Кафе «Гуниб», Инусов Ильяс, Кафе «Хуторок», Ресторан «Золотой орел», Стоматология «Восход», «Энергострой» Дамаданов НурмухIамад.

**Сугъралъ росо:** Энхов Сулейман, Габалова П.М.

**Буйнакск шагьар:** Абдулазизов Магомед, Хваров ХIажимурад.

**Каспийск шагьар:** Бечедов ГIабдулагь.

**8-аб. гъутан:** Гъазичилов Аяз.

**Богатыревка:** Мухучев Шамиль.

**I–МахIачхъалаялда -** Бахьулов АхIмад

**Нефтяниказул посёлокалда -** Эчилов МахIамад.

**«Эльтав» заводалда аскIоб** - ИсмагIилов НурмухIамадил Хадижат

**Бавтугъаялда -** ХIажил ГIумар.

**Гъизилюрталда -** ХIамзалов Багьавудинил дора.

**Гъуниб -** Курахов ХIамид.

**Редакция не всегда разделяет точку зрения авторов. Ответственность за недостоверную информацию несет автор.**

## ХИРИЯЛ ДИНАЛЪУЛ ВАЦАЛ ВА ЯЦАЛ!

**Щивав чи хвезеги вугелъул, дуего бокьулареб, воре чидай гьабугеян абиги бугелъул, гьари буго Сепараторазул поселокалда ругел хабазда занида (гIарсида) гъоркь лъолеб ганчIил гIеблъи 60-65 см цIикIкIун гьабугеян. Гьабунани гьеб ккола чияр хабада тIад.**

**Гьелда сверун суалал ругел чагIаца ахIизе бегьула Дибиров ШапигIихъе 8 928 584 43 54**

**Нилъ хехго ругьунлъун ва хIажатаблъун лъугьун буго СМС-лъазаби.**

**Гьелъул гIахьалчагIи гIемерлъанагIан цIикIкIун заман унеб буго гьеб нилъехъе щвезеги. СМС битIизеги, гьелъул хIалтIи лъикI гьабизеги хIажалъула гIарац.**

**Гьари буго, СМС-лъазабиялъухъ гIарац кьечIел чагIазда, лъагIалида жаниб 100 гъурущ гIарац гьелъухъ кьезе рес батеян. ГIарац битIизе бегьула гьаб номералде 8988-291-17-30, бокьарас газета хъвалел чагIазухе.**

## Демографиялъул статистика

**30 январалдаса**
**28 февраль щвезегIан**

**Гьабуна лъимер**

* ГIисал ГIумарие – яс
* Хазам ХIусенил МухIамадие – вас
* ГIалил МухIамадил Къадие – яс
* КIичев Апандил ГIумарие – вас
* Якъубов МухIамадхIажиясул АхIмадие – яс

**Гъоркьияб нухалъ хъвазе кIочон батана. Атрачев Шамил яс Фатимае (рос Хвартихьуниса Исрапил) - яс**
**Иман бугел ратаги**.

**Гьабуна бертин**

Январалда Вагьабов ГIабдулагьил яс Муъминат ана Къородаса МухIамадие

**ГIумру цадахъ инесел ратаги.**

**Хвана**

* ШагIманов ГIабдулбасир
* ГIайнал Аминат
* Агъал Сулейманил МухIамадил хъизан ПатIимат (Махлъаха)
* Наибизул Гъулил МухIамад
* ХIажибулазул ХIажибатIина
* Гъоркьияб нухалда кIочон ятана Зак ГIаша

**Мунагьал чураги гьезул**

## ЛЪАНИ ЗАРАЛ ГЬЕЧIО

Исана 13 марталда рукIине ругел рищиязул участкаялъулал комиссиязул председателал руго Сугъралъ УИК №0354 Сагитов МухIамадшапи Сагитович

НакIкIазухъ УИК №0355 МуртазагIалиева Нажабат Къурбановна

Гъутада УИК №0356 МухIучев МухIамад ГъазимухIамадович

Сугъралъ

**Учредитель:**
**Агрофирма «Согратль»**
**Телефоны для справок:**
**91-45-98**
**8-988-309-45-05**

**Информцентр**
**8-988-291-17-30**
**Адрес для писем:**
**пр. Насрутдинова (Петра I) 61, 6-й этаж)**
**Адрес электронной почты:**
**sogr2002@mail.ru**
**На интернет-сайте:**
**www.sogratl.net**

**Газета зарегистрирована Южным окружным управлением Министерства РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Регистрационный номер ПИ № 10-5397**

**Редколлегия:**

**Омар Махадов**
**Магомед Муртилов**
**Гаджи Габалов**
**Абдула Кушев**

**Газета набрана и сверстана на собственной компьютерной базе и отпечатана в ООО «Лотос»**
**Тираж 999 экз. Заказ №**